Runziro YeMumwe



Mazviita, Hama Neville. Ishe vakuropafadzei.

Manheru akanaka, shamwari. Zvakanaka zvikuru kuva kunze kuno zvakare manheru ano, patabhenakeri, kuzotaura zvakare pamusoro paIshe naMuponesi wedu, Uyo watiri murudo naye tose, ndine chokwadi, kana kuti hataimbogara muchivakwa chino chiri kupisa, takamanikidzana sezvatiri manheru ano, dai tanga tisingaMude. Nokuti, ndicho chinangwa chedu chekuva pano, ndechekuratidza kwaAri kuti tinoMuda. Uye tarisiro dzedu dzino—dzinodenhekana zvikuru patinofunga nezvenguva yekuuya kwaKe, patinoona zviratidzo zvichionekwa, zveKuuya kwaKe, tiri kudokwairira nguva huru iyoyo, neapo patichaMuona.

2 Kubva zvandakava pano imwe Svondo, vhiki radarika, patova nevamwezve vakatungamira kunosangana naYe. Mumwe wavo aiva Mai Ford, Mai Levi Ford. Vakanga vava nemakore 80 ekuberekwa, mudzimai anokosha. Murume wavo akashaya, imwe nguva yakapfuura. Murume uyu igamba reHondo yeSpain neAmerica. Uye mutsananguro yehupenyu hwangu ndakataura zita remwanakomana waamai ava. Ndeuya aizondichengetera sutu iya, munoziva, mushure mekunge aisakadza. Iya, su—sutu ye. . . Ndinotenda kuti yaive sutu yemabhoyiskauti. Uye iye. . . Pandakaenda kunotora chikamu chayo, paingova negumbo rimwe chete raive rasara.

3 Uye Lloyd zvichida ari pano, manheru ano, mukomana mumwe cheteye. Zvino ndaive nemariro aamai vake, rimwe zuva. Zvino akandikumbira, akati, “Billy, ndinoshuva kuti dai wataurawo pamusoro pechimwe chinhu chinoratidza kuti amai vangu vachamuka zvakare.” Uye Ishe vakandipa mharidzo yazvo, pane izvozvo chaizvo, yakananga. Apo, Bhaibheri, zvisikwa zvose, zvose zvakasikwa naMwari, zvinotaura kuti vachamuka zvakare. Ndiani—ndiani angataura achipesana naRo zvino? Maona? Mwari vanotaura kudaro, vanozviratidza nehunhu hwaVo, vanozviratidza neShoko raVo, vanozviratidza nehupenyu hwaamai ava, nezvimwewo zvose, vanotofanirwa kumuka. Hapana—hapana nzira, hapana. . . Matenga nenyika zvingakundika hazvo, asi izvozvo hazvikundike. Vanotofanira kumuka zvakare.

4 Zvino, marimwezuro, mumwe maneja aimbova neni, VaBaxter, vazhinji venyu munovarangarira. Vakambotaura kubva papuratifomu ino chaiyo. Mudzimai wavo, akangoerekana akafa, nekukundika kwemoyo. Uye vari kurwadziwa pamoyo zvikuru nekusuruvara zvakanyanya. Ndinovimba mucharangarira Hama Baxter muminamato yenyu,

pamunonamata, nokuti mumwe wehama dzedu. Uye vanogara muVancouver, British Columbia. Uye vange vachisiri pamwe neni, zvino, kwemakore akawanda. Zvino ndakanzwa kuti mudzimai wavo akava nezvakaita sekukanganisika pfungwa, kana chimwewo chinhu, uye zvadaro, kamwe-kamwe, akava nekukundika kwemoyo, ndokutoenda. Hatitongokwanisa kuziva kuti rwunodana riinhi. Uye zvakare kana iYe—iYe odana, tinofanira kunge takagadzirira. Ndicho chikonzero tiri pano, manheru ano.

5 Ndanga ndiri mukamuri yekuverengera umo, hofisi, waro, ndichitaura naVaMoore. Vanga vandinyengetedza kubva mazviri. Ndanga ndichiedza kunzvenga paThanksgiving. Ndanga ndichida kuva nemusangano pano paZuva reThanksgiving, ndobva ndazoenda kuShreveport. Honguka, ndaisazokwanisa kuzviita. Zvino pakupedzisira vati, "Saka, kana muine misangano 3 zvino, uye muchizova neZvisimbiso Zvinomwe izvozvo, gare-gare, zvino munogona kungotipa zuva rimwe chete iroro, zvisinei." Saka pakupedzisira . . . Tanga tiri kuzovapa Chishanu ichocho, Mugovera, neSvondo. Uye zvino ndavavimbisa, ipapo, China, Chishanu, Mugovera, neSvondo. Uye ichange iri, Pentekosti, ichange yava nemakore 50, muLouisiana, paZuva reThanksgiving. Yakaburuka makore 50 akapfuura, Louisiana.

6 Zvino, mangwana mangwanani, tichaita sekumanikidzira kuti munhu wese asina su—Sunday school yauri kunopinda . . . Ndiri kuona Hama yedu inokosha Don Ruddell pano, uye ndinoziva kuti vane Sunday school mangwanani. Uye zvichida pane vamwe vashumiri vari muno, vanobva munharaunda, vane Sunday school. Zvino, tinoda kuti uende kuSunday school yako iwe, kana uinayo. Asi kana usina Sunday school, uye uchida kuva nesu, ndinoda kutaura mangwanani, ndozviisa pabhurekibhodhi, uye ndodzidzisa nezve*Chimiro Chakazara Chemunhu Akakwana*, ndozvidhirowa, pabhurekibhodhi, uye ndoratidza zvinodiwa naMwari uye kuti tinosvika sei pachimiro chakakwana che—chemunhu akakwana, pamberi paMwari.

7 Uye zvakare mangwana manheru, Ishe vachitendera, ndinoda kutaura pamusoro pechidzidzo che*Mutungamiriri waNgu*. Saka, kana vamwe venyu vari kunze kweguta, zvino tinoda kuedza kukurumidza kutanga masevhisi aya. Kana . . . Handisati ndataura nemufundisi nazvino, asi ndinoshuva kuti dai maikwanisa kutanga Sunday school mangwanani-ngwanani chaiwo. Uye chechi mangwana manheru, zvichida, kana zvichibvira, itange na6:30 kana zvimwewo. Uye zvichapa vanhu mukana, . . . Saka, kana vachida kugara, tinogona kunge tabuda, zvichida, na8:30. Uye zvakare vamwe vavo . . .

8 Ndasangana nemumwe mudzimai nhasi, ari kutyaira 3 kana 4 . . . zvakada kudaro. Ati iye, kana tikabuda, na 8 o'clock kana 8:30, anosvika kumba kuma 2:30 kana 3 o'clock, mangwanani

anotevera acho, murume wake achizoenda kubasa. Saka, hatisi kuzoita chimwe chinhu, zvisinei . . . ? . . . tichingopedza nguva, saka—saka ngatiuyei kuchechi nekukurumidza chaiko, manheru ano. Uye hatina, munoziva, hatifanirwe kuva netsika pamusoro pazvo. Mwari havasi vetsika, munoziva, Bhaibheri . . . ? . . . Saka tinovimba kuti mese muri pano, nevose vanogona kuvapo.

9 Zvino, kana muine masevhisi enyu, rangarirai, ino itabhenakeri inosanganisira masangano ose uko vanhu . . . ? . . . vanouya. Uye vazhinji veungano yedu vanhu vanobva kunze kweguta.

10 Zvino, kana zvikaitika kuti pane muenzi pano, ndinoda kukuratidza chimwe chinhu. Uye ndichangobva kufamba ndichiuya papuratifomu, uye handisi kuona—handisi kuona vanhu 10 vandinoziva. Vangani vanhu vari pano vanobva kunze kweguta reJeffersonville? Simudzai ruoko rwenyu. Uh-huh. Maona? Zvikamu 99 kubva muzana. Uh-huh. Maona? Dzinongori shamwari. Vangani vari pano vanobva mamaira 100 kubva pano? Simudza ruoko rwako. Pane zvikamu 50 kubva muzana, zvavo, vanobva mamaira anodarika 100 kubva pano. Vangani vari pano vanodarika mamaira anopfuura 200 kubva pano? Simudza ruoko rwako. Huh! Mamaira 300 kubva pano; simudzai maoko enyu. Tarisai apo. Mamaira 400 kubva pano; simudza ruoko rwako. Tarisai pano. Mamaira 500 kubva pano; simudza ruoko rwako. Tarisai muone apo. Chikamu chimwe kubva muzvitatu cheungano, mamaira anodarika 500 kubva pano. Maona? Dzinongori shamwari dzinoungana kubva kwese-kwese! . . . ? . . . dzichiuya kuzova pano. Saka tinokutendai nokuda kwenyu, uye tiri pano kukubatsirai. Tiri pano kukuitirai zvose zvatinokwanisa.

11 Zvino, ndanga ndichingoverenga kumashure uko, mamwe, imwe tsamba yandangobva kutambidzwa nemwanakomana wangu, yemumwe mudzimai ataura izvi. Kuuya, nguva ino, dzichange dziri nzendo 35 dzaauya pano, achitarisira kuzonamatirwa. Ka 35, akatyaira mota kwemazana emamaira. Rwendo rwechi 35.

12 Uye zvakare, rangarirai, kune vanosvika 600 nevanoraudzira, vakamirira vari pamazita evakamirira, kubva pasi rose, vari kuedza kusvika kuno, kuzova nehurukuro. Munoona, zvinozviita kuti zvive zvakaoma kwazvo. Patinozenge tiri kufunga nezvekuno chete, havana kuwanda, tinotongogona kunzwa ivavo. Munoona, zviri pasi rose. Uye saka isu tiri . . . ? . . .

13 Handizive kana mudzimai iyeye angadai ari muchivakwa manheru ano, rwendo rwechi 35, akanyora tsamba achiti aizova pano mangwana? Ka 35 kaakave pano, asina kunamatirwa. Ndinodaira kuti haasi muchivakwa, pamwe haana kukwanisa kuzouya. Asi ndanga ndichitongoverenga tsamba yake kumashure uko.

Zvino, ndagara ndichiedza kudaro, pandinouya zasi kuno, pa . . . pandinenge ndiri kumba, kutaura pamusoro pechimwe chinhu, kwete kungotaura chete, kana kuti kwete chimwe chinhu chekuzongofadza vanhu. Ndakaedza kutaura pamusoro pechimwe chinhu chingafadza Mwari nekubatsira vanhu, munoona, kuitira rubatsiro, kuti tose tigokwanisa, zvisinei kuti uri wechechi ipi, kuti uri wesangano ripi, kuti ugokwanisa kubatsirika kuti ufambe pedyosa naMwari.

14 Uye ndicho chikonzero chedu chekuva pano, kufamba pedyo-pedyo naMwari. Uye patinoona kuti nhasi, nguva yapera sezvayaita, nekuswedera pedyo kwaShe . . .

Ndaudza mudzimai wangu nhasi, "Kana ndikasapinda murumutsiriro, pane imwe nzvimbo, ndi—ndiri kuzoparara. Ini—ini handitongokwanise kuzvigamuchira. Ini . . . " Chimwe chinhu mukati mangu chaimo, chiri kubvira! Oo!

15 Tichangobva kupinda mumisangano yakatevedzana, uko kwaiuya zviuru zvevanhu. Uye zvisinei, kana wanga uine vanhu 2 kana 3 miriyoni, kana pasina rumutsiriro . . . Ndizvo zvataisimbodaidza, zasi kuKentucky, musangano wakarebesa. Munoziva, tose tinobuda kuenda kumusangano unotora nguva yakarebesa, tingaudaidza kudaro. Uye . . . ? . . . Tinoda rumutsiriro, Mweya waShe paunenge uchifamba pavanhu, uye vanhu vachiponeswa, nezvinhu zvikuru zvichiitwa kuzadzikisa chimwe chinhu cheHumambo hwaMwari.

16 Uye zvino, mumasevhisi emunamato, kazhinji isu . . . Munogona kuona kuti sei tisina kukwanisa kuva nemutsara wekunamatira pano. Munoona, makatongotsvinyikidzana vanhu zvekuti, haugone kuzviita. Maona? Asi kazhinji, mumitsara yeminamato mune vanhu vari . . . vanouya voona kuti—Ishe ndevemazvirokwazvo. Uye tinoona kuti Ishe Jesu havana kumboshanduka kana napadiki pose. Kubva pane zvaVaiva, ndizvo zvaVari nhasi, uye vachagara vakangodaro. Uye Bhaibheri rakataura, muna vaHebheru 13:8, kuti, "Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi."

Uye muungano dzevanhu vaiungana kuzoMunzwa, mumazuva iwayo, zvichida vaisatopinda mumutsara wekunamatirwa, asi vaiva nekutenda kwacho kwekuti vatende. Uye Ishe wedu aitocheuka, paAingobatwa nekutenda kwavo, zvino aitocheuka, oudza vanhu kuti pane zvimwe zvinhu zvisina kumira zvakanaka pavari, zvavakanga vaita, uye kuti vaende vonopodzwa, kana kuenda kunoita chimwe chinhu, kugadzirisa chimwe chinhu, kana chimwe chinhu. Tinoziva nezvemudzimai wepatsime; nemudzimai aibuda ropa; uye, oo, vazhinji kwazvo; Bhartimeo bofu; kuti kutenda kwavo kwakaMubata. Uye manheru ano, Achiri Muprisita Mukuru wekupupura kwedu, uye achingori mukuru sezvaAkagara ari.

17 Zvino, tinofanira kuzvitendera kuva varanda vaKe. Iye ndiye Muzambiringa wacho, chi—chitubu cheHupenyu. Isu ndisu matavi acho anogamuchira Hupenyu ihwohwo. Uye davi ndiro rinobereka muchero; kwete dzinde. Uye zvino Kristu anoshanda kubudikidza nemuChechi yaKe. Uye zvakare kana tikagona kuzvipira nenzira yekuti, Mweya Mutsvene ugone kutitonga zvizere, mukutenda kwedu muna Kristu, Anoita zvimwe chetezvo, nokuti ndiKristu. Uye kana uri pano, muyenzi anesu . . .

18 Zvino, kazhinji, vanhu pano . . . ? . . . mutabhenakeri, mufundisi vedu pano vanonamatira vanorwara, chaizvoizvo manheru ega-ega. Uye unonamatirwa neHama yedu ine nyasha uye inodikanwa mufundisi, Hama Neville, murume wekuti Mwari vanonzwa nekupindura munamato wake, Hama Orman Neville. Uye—uye . . . ? . . . Hama Don Ruddell, nedzimwe hama idzo dzinonamatira vanorwara. Hama Jackson, ndinofunga kuti vari pano, pane imwe nzvimbo, vanobva kune imwe chechi yatinobatidzana nayo zasi kuHoward Park.

19 Uye panguva ino, apo pakunenge kuine vanhu vakawanda kwazvo, kana ukangotenda Mwari, . . . ? . . . chero chauri kuda, uye uri mutsva uye ndisingakuzive, ingokumbira Mwari uone kana Vasiri mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Ona kana Vasingagoni kutaura chaiko . . . ? . . . Vanokuziva. Vanoziva dambudziko rako. Chinhu chimwe chete chaunofanira kuita kungotenda maVari. Zvino ipapo Vachakushandisa semudziyo, uye ini semumwewo. Jesu akati, Mutsvene Johane 14:7, "Uyo anotenda maNdiri, mabasa aNdinoita naiye achaaitawo zvakare." Zvino, iwoyo mudziyo wakazvipira.

20 Zvino, mangwana, tiri kuzodzidzisa kuti unova sei mudziyo iwoyo, uyo Mwari Mweya Mutsvene vagokwanisa kushanda nemauri. Uye saka, munoona, Vaive Mwari, vari muShongwe yeMoto; zvino Vakagara muMwanakomana waVo, Kristu Jesu; zvino muChechi yaVo. Pane imwe nguva Vaimbonzi "Baba," ndokuzonzi "Mwanakomana," zvino "Mweya Mutsvene." NdiMwari, vachiZviratidza kunyika. Nzira chete yaVaikwanisa kupinda muChechi, kwaiva kutanga vafira Chechi, kuIchenesa, kuti Vazozviratidza pachaVo kubudikidza nemuChechi yaVo. Zvino Akati, muna Johane 15, "Ndini Muzambiringa, imi muri matavi." Maona? Uye matavi ndiwo acho anobereka muchero. Ishe Vakuropafadzei.

21 Zvino, tisati . . . ? . . . kuitira chidzidzo manheru ano. Uye handidi kukugarisai kwenguva refu, nokuti ndiri kuona vanhu vakamira. Uye mumwe achitora nzvimbo yake, uye mumwewo obva agara pasi, nezvimwe zvakadaro.

Tiri kuedza, zvakasimba, kuwana mvu—mvumo yekuti pazogara vamwezve vanhu vangaita 300 kana 400, asi guta riri kuita seriri kutimisa pazviri, nekuti hatina nzvimbo yakakwana

yekupaka motokari. Tine mvumo yakabva kuIndianapolis. Uye zvakare, guta, tinofanira kuva nenzvimbo yekupaka motokari. Oo, patinoisa vanhu 4 mukati muno, tinofanirawo kuva nenzvimbo yakakwana yekuisa imwe motokari kunze kuno. Zvino nzvimbo ino yekupakira motokari chaizvoizvo ndeyeguta. Maona? Ivo, tiri . . . Chechi yedu pano inongova . . . ? . . . futu rimwe chete kubva pamuganhu weguta. Uye chaizvoizvo, mugwagwa mukuru, chikonzero wakavakwa neche kunze uko . . . Honguka, vamwe venyu imi vanhu, vechidiki pano, hamungambozvinzwisisa. Asi pano apa chaitombova chidziva. Uye ndinorangarira, pandaiva mukomana, taitasva tichidzika kuno. Taitoita zvekutenderera kuenda kunze uko mumunda, tichitenderera chidziva chacho. Vakatovaka mugwagwa wakaita zvekutenderera, mugwagwa uchitenderera chidziva ichi.

22 Uye ndakatenga nzvimbo iyi pano. Ndichinamata, uye pano chaipo apa pane ichi, Ishe vakandiudza kuti ndigoitenga, makore angaita 30 akapfuura, kana kuti makore 32 akapfuura, ndiwo, ndinofunga. Pano chaipo, uye dope guru, nesora remabhiza richitofukidza musoro wangu. Uye ndakatenga nzvimbo ino nemadhora 160, nzvimbo ino yepakona pano, ndokuvaka chechi.

23 Zvino, Ishe vakuropafadzei. Ndinoda, kana unganzi musoro wemharidzo, kune zvimwe zve, kuverenga zvimwe zvezvinyorwa, mamwe manotsi. Ndinoda kutaura kuungano, manheru ano, pamusoro pechidzidzo che*Runziro YeMumwe*.

Zvino tisati tataura, kana kuverenga Shoko, ngatikotamisei misoro yedu titaure neMunyori wacho weShoko.

24 Zvino, nemisoro yedu yakakotamiswa, nemwoyo yedu yakakotamiswawo, zvakare, mukuremekedzwa kwaVo Kutsvene, handizive kana paine vamwe pano manheru ano, vangava nechikumbiro chekuti ivo . . . chiri kupisa pamoyo wavo, kuti vangosimudza ruoko rwako pamberi paMwari, uye woti mumunamato wako, "Ishe Jesu, ndine zvandiri kuda. Taurai neni, manheru ano. Ndipodzeiwo. Ndipeiwo mari yekubhadhara zvandiri kunyatsoda." Kana, chero zvazvingave, Vanotipa zvose zvatinoda. Mwari vakuropafadzei. Kuda zvikamu 90 kubva muzana zveungano.

25 Baba vedu voKudenga, tiri kuuya kwaMuri. Zvino, patiri kusiya katabhanakeri kano kevhu katinogara makari, kachikepe kano kari kufamba munyanza huru yehupenyu inoodza moyo, nekutenda tiri kuuya kumusoro kudarika Mars, Jupiter, Venus, mwedzi, nyeredzi, Gwara Jena reNzou. Uye tichisvika zvino, nokutenda, paChigaro chehumambo chaBaba. Tichiona, agerepo, nemaoko aKe uye netsoka dzaKe zvakabaiwa! Ropa iroro zvino rinoreverera, patiri kuisa zvipo zvedu paartari yendarama, iri paChigaro chaKe chehumambo.

26 TinoKutendai, kutanga, nekuda kwaJesu, Akaita kuti zvinhu zvose izvi zvikwanisike, kwatiri, kubudikidza nekutenda

kwedu, zvatiri kuzokumbira. Maona maoko, munoziva changa chichirova pasi pemoyo yevanhu ava. Ndinoisa kutenda kwangu, Ishe, paChibairo, artari huru yendarama yaMwari, apo zvinonhuwira zvinopiswa zuva nezuva. Ndinonamata kuti Munzwe nokupindura minamato yavo, Baba. Vapeiwo zvishuwo zvemwoyo yavo.

27 Zvino, zvatakaungana, Ishe, manheru ano, pamisangano 3 iyi, tiri muno muchivakwa chino chinopisa, manheru ano, pasina chimwe chinangwa asi kuti tifambe pedyo-pedyo neMi. Tigoziva zvekuita, Ishe, zvacho zvekuita. Sezvakataurwa nemuporofita, "Avo vanomirira pana Jehovha, vachavandudza simba ravo. Vachabhururuka nemapapiro sechapungu. Vachamhanya, vasinganeti. Vachafamba, vasingazoshaiwi simba." Ishe, tidzidzisei kumirira, mushure mekunge takumbira; uye tova nekutenda, kwekuziva kuti Manzwa. Uye munguva yeNyu imi yakanaka, Muchatumira mhinduro yedu zasi nepamasitepisi endarama, kubva mumakoridho eKudenga, kupinda mumweya wedu chaimo. Uye tichagamuchira zvatakumbira, nokuti tinozvitenda.

28 Chenesai nzeve dzedu, manheru ano, kuti dzigonzwa, nemwoyo yedu kuti igogamuchira. Uye dai, kana shumiro ichinge yapera, dai tikataura sevaya vakabva kuEmausi, "Mwoyo yedu haina kutsva here mukati medu paAnga achitaura nesu munzira?" Nokuti tinozvikumbira, muZita raKe. Ameni.

29 Ndinoda kuverenga, manheru ano, chikamu cheMagwaro chinowanikwa muBhuku raIsaya. Mangwana, ivai nechokwadi, kana muine bepa, ndinoda kuti mu. . .Ndichava nechati kumusoro kuno, kana kuti bhurekibhodhi, kuti ndiite sekudhirowa, chidzidzo changu, uye ndinoda kuti muzvibate, kana muchikwanisa, nekuti munogona kuzozvinzvera kana muchinge masvika kumba.

30 Isaya, chitsauko 6. Ndinoda kuverenga ndima shoma kubva muchitsauko chino, kuti ndiwane chirevo chemanheru ano.

> Mu*gore rokufa kwamambo Uziya ndakaona*wo *Ishe agere pachigaro choushe, chirefu chakakwirira,* uye besu r*enguo dzake* rakazadza *temberi.*
>
> *Kumusoro* kwaro *kwakanga kumire maserafimi: imwe neimwe yakanga ina mapapiro 6; ne 2 yakafukidza chiso chayo,* uye *ne 2 yakafukidza* tsoka dzayo, uye *ne 2 yakanga ichibhururuka nawo.*
>
> Zvino *imwe yakadanidzira kune imwe, ichiti, Mutsvene, mutsvene, mutsvene,* ndi*Jehovha* Mwari *wehondo: nyika yose izere nokubwinya kwake.*
>
> Zvino mbiru dzetemberi *dzakazununguka nezwi rowakanga* achidanidzira*,* uye *imba ikazadzwa noutsi.*

I*papo ndikati, Ndine nhamo! nokuti ndoparara; nokuti ndiri munhu wemiromo ine tsvina,* uye *ndigere pakati pavanhu vemiromo ine tsvina: nokuti meso* angu aona *Mambo, JEHOVHA wehondo.*

Ipapo imwe yemaserafimi yakabhururukira kwandiri, yakabata zimbe rinopfuta muruoko rwayo, rayakanga yatora nembato paaritari:

Ndokuriisa pa*muromo wangu, ikati, Tarira, iri* ragunzva *miromo yako;* uye *zvakaipa zvako zvabviswa,* nechivi chako chacheneswa.

Zvakarewo *ndakanzwa inzwi raShe, richiti, Ndingatuma* aniko, uye *ndiani angatiendera? Ipapo ndakati, Ndiri pano* hangu*; nditumei.*

31 Iri iba—basa guru kwazvo, patinofunga nezve . . . zvazvichareva, patiri kunzvera chiratidzo ichi chaIsaya. Chaka . . . Ndakagara ndichifarira Isaya. Akanga ari mumwe wevaporofita vakuru. Isaya akanyora Bhaibheri rose zvaro. Mune Mabhuku 66 muBhaibheri, uye Isaya akanyora zvitsauko 66. Anotanga nemavambo ezvisikwa; pakati peBhuku, anounza Testamende Itsva naJohane Mubhabhatidzi; uye pachitsauko 56 ne 60, anoguma ave muMireniyamu huru: Genesi, kupfuura nemuTestamende Itsva, kupinda muna Zvakazarurwa. Aiva munhu mukuru, Isaya uyu; pakupedzisira akazofira chitendero, pasi pekutongerwa rufu.

32 Munhu wese akazadzwa neMweya wemuBhaibheri akafa kana kuti akatambudzwa nehurumende yenyika; mumwe nomumwe wavo waungafunga nezvake: Mosesi; vana vechiHebheru; naDhanieri; naIsaya. Isaya akagurwa kuita zvidimbu-zvidimbu nesaha. Uye zvichidzika, Johane Mubhabhatidzi, mumwe nemumwe wevaapostora, Jesu pachaKe, vose vakafira pasi pemutongo werufu, kana kuti kurangwa nehurumende yenyika. Uye maringe nemafambiro ari kuita zvinhu, pari kuzova nezvapupu zvakawanda zvichawedzerwa kune zvavo, rimwe ramazuva ano. Uh-huh. Kana pakambova nenguva yatinofanirwa kunyatsobatana, ndeino.

33 Ndinofunga muri kunzwa nezvemusangano uri kuitika kuRome. Uye tiri . . . kuva . . . Vari kuva nenguva huru ikoko, uye vari kuzotanga rumutsiriro. Rwuchava rumutsiriro rwepasi rose, zvechokwadi. Kudzokera kuchidzidzo ichi . . . Tinozviwana izvozvo muZvisimbiso Zvinomwe. Kuchidzidzo ichi chekunge uchi "runzirwa."

34 Mambo Uziya akanga ari mukomana anofudza makwai. Akarerwa . . . Uye aida zvokugara mumasango. Zvino akatonga panguva yechiporofita chaIsaya. Isaya akanga adzidza kubva—kubva kune mumwe wavaporofita vakuru. Uye ndinotenda kuti aiva Zakaria, uyo Isaya akava nekunzwisisa kubudikidza naye,

uyo aive muporofita Isaya paakauya panzvimbo. Zvino Isaya akadanwa, uye aiva muporofita. Vaporofita havangogadzirwa nevanhu; vaporofita vanozvarwa vari vaporofita.

35 Zvino, pane chipo chekuporofita chinopinda muchechi, chekuti vanhu vanopa chiporofita. Nhengo zhinji dzeMutumbi waKristu dzinogona kuzviita, dziri pasi pekufemerwa.

Asi muporofita anogadzwa muChechi naMwari, akafanotemerwa kuchipo chemuporofita, kana kuti chipo chekuva muporofita, kwete uyo anoporofita.

36 Zvino, zvino tinoona kuti mujaya uyu akatora chigaro chehushe. Kana muchida kunyora mamwe eMagwaro acho pasi, muna Makoronike Echipiri, chitsauko 26, munogona kuverenga pazvinotaurwa kunzi Mambo Uziya, mushure mekunge baba vake vafa. A-m-a-z-i-a, Amazia, mushure mekunge afa, ari murume akarurama, uye akanga atsauka kubva kuna Jehovha ndokuurayiwa nevanhu vake, Uzekiya akatora yake, kana kuti Uziya, waro, akatora nzvimbo yake samambo. Zvino akaiswa pachigaro chehumambo ndokuzodzwa, aine makore 16 ekuberekwa, achingova mukomana hake. Asi aive mugwara rekuva mambo, asi achingova mujaya hake. Uye akaita zvakanaka. Bhaibheri rinotiudza kuti akanga aina baba namai vane humwari. Uye hapana chimwewo chinhu chaaizogona kuva, zvachose, nerunziro yakadaro, sekuva mukomana ane humwari, nokuti ndizvo zvakanga zvaiswa pamberi pake nguva dzose.

37 Munoziva zvandinofunga here? Munhu wose ane maonero ake. Asi mumwe wevakurusa, uye pamaonero angu, purezidhendi mukurusa watati tambova naye munyika ino, aiva Abraham Lincoln. Zvino, kwete nekuti aiva muRepublican, asi nekuti aiva zvaaiva, munhu ane humwari. Uye akarerwa, uye iye. . . kuti ashumire Mwari. Zvino akati, “Kana paine chimwe chinhu chandinoda kupa rumbidzo kwachiri,” akati, “kana kuti chakarunzira hupenyu hwangu, vaive amai vane humwari vakandidzidzisa kunamata nekuziva Jesu seMuponesi wangu.”

38 Oo! Zviri mhuri yako ndizvo zvauri. Ukarera mwana wako mune imwe nharaunda; ane zvikamu 98 kubva muzana zvemukana wekuti aite zvakanaka kupfuura zvazviri kana ukamurera nenzira isiri iyo. “Kudza mwana munzira yaanofanira kufamba nayo, uye kana achinge akura, haazombobva mairi.” Rerwa zvakanaka. Dzidzisai vana venyu kuita zvakanaka, kuva vakavimbika, kuva vakatendeka nekururama, kunyangwe vari kuchikoro chaiko.

39 Zvino, kazhinji, vana vanowanzoita zvekukopana mumwe nemumwe, uye—uye voedza kumanikidzira nzira yavo kupedza chikoro. Asi, munoziva, ndinofunga, kana ukazviita, wega, zvino ndechimwe chinhu chekuti iwe—iwe unoyemura, bepa rako rawakapasa zvakanaka.

40 Unoziva, kana uri kuzova nebvunzo zuva rinotevera, pane kuti umhanye-mhanye husiku hwese, womuka mangwanani anotevera acho, wofunga, “Manje, ndichanogara pedyo na*Nhingi-nhingi*. Vanogona chaizvo, uye vacha . . . Ndinogona kuvakopa,” kana ukango . . . Baba vasati vanamatira kudya kwemangwanani patafura, kana ukangoti, “Baba, ndirangarireiwo, nhasi, ndiri kunonyora bvunzo dzechemistry,” kana chero zvazviri.

Zvino imi, pamunonamata, baba, itii, “Mwari, ropafadzai John, Mary, mubvunzo dzavo nhasi.” Ndinokuudzai, zvinoshandura mamiriro ezvinhu.

41 Rangarirai, tinogona kuva nezvatinoda, kana tikakumbira mukutenda, tichitenda. Jesu akati, “Zvinhu zvose zvinogoneka kune avo vanotenda.” “Hamuna, nokuti hamukumbiri.” Uye hamukumbiri, nokuti hamutendi. Akati, “Kumbirai zvakawanda, kuti mufaro wenyu uzadziswe.” Ndinozvifarira izvozvo.

42 Dzidziso yedu yakanaka: taura chinhu chakanaka, ita chinhu chakanaka, funga chinhu chakanaka. Gara uchifunga zvakanaka. Ndine kasirogani kadiki, “Ita zvakanaka, ndiro basa rako kuna Mwari. Funga zvakanaka, ndiro basa rako kwauri iwe. Uye unotobuda zvakanaka chete.”

43 Haukwanise kuenda kumabvazuva nekumadokero panguva imwe chete, kana kuti haukwanise kuenda kwakanaka nekwakaipa panguva imwe chete. Zvisinei nokuti unofunga kuti uri kuenda neimwe nzira yacho, kana usiri kufamba wakanyatsonanga kumadokero, hausi kuenda kumabvazuva kana uri kuenda kumadokero.

44 Saka mambo wechidiki uyu, achirunzirwa nababa vake paakanga ari mujaya, ndokudzidzisa Israeri mirairo yaMwari. Zvino ipapo, kamwe-kamwe, akatendeuka mumazuva ake ekupedzisira ndokudzidzisa zvinopesana naMwari. Uye vanhu vake iye . . . Akauraiwa nevanhu vake chaivo. Zvakataridzika sekunge chaizova chidzidzo chikuru kuna Uziya, pane izvozvi. Asi tinoona, kuti, Uziya paakatora chigaro chehushe, kuti akatanga zvakanaka sokutanga kwakaita baba vake, achidzosa zvinhu zvaMwari, achidzosa Israeri pakunamata Mwari. Akazvisimbisa pachake.

45 Uye ndinoda kugara ndichimutenda mumazuva ake ehudiki, nekuti haana kumboita chero zvematongerwo enyika. Kunyangwe zvematongerwo enyika zvaipesana naye, asi, zvakadaro, akaramba ari mugwara raMwari. Uye zvakafadza muporofita uyu aive mujaya, wechidiki, zvakanyanya, kusvika atova gamba chairo. Aiva muenzaniso kuna Isaya muporofita.

46 Zvino Isaya akaenda kumuzinda kunogara naye, kuimba yamambo. Akamudana kuzogara naye. Akafarira Isaya. Isaya aiva wechidikiwo, zvakare. Uye—uye iye . . . Vaiva mabhururu

chaiwo, pamwe chete. Uye kuti mambo iyeye, paaienda kunze uko . . .

Uye ivo, vamwe vevarume vezvematongerwo enyika, vaiuya vachiti, "Tinofanirwa kuita *zvakati-nezvakati*."

Mambo Uziya aitanga atsvaga Ishe. "Ishe, kuda kweNyu here kuti tizviite zvakati-zvikati?"

Mwari, tipeiwo purezidhendi akadaro. Kwete izvozvo chete, asi tipeiwo vaparidzi. "Tsvagai Humambo hwaMwari kutanga nekururama kwaVo, uye zvimwe zvinhu zvose zvichawedzerwa."

47 Izvi zvinofanira kunge zvakava runziro huru, nekuti Isaya aimuda. Nokuti, akaona kuti aiva munhu mukuru, uye a—akamira akadzikama uye akasimba kuna Mwari. Uye munoziva, nguva dzose, mumazuva atinorarama, muzvinhu zvatinoita, rangarirai, veruzhinji havatarise mufundisi chete, mararamiro aanoita, iye . . . vanotarisawo zvakare kuungano yacho.

48 Oo, zvinosuwisa zvikurusa patinofunga nezvechechi! Dzimwe nguva, kana mufundisi ari werimwe sangano kana chimwe chikwata, uye sangano iri romutumira kune imwe chechi, zvino dzimwe nguva maoko emufundisi iyeye anenge akatosungwa, nesangano iroro. Uye muchinda mudiki uyu anenge achida kushumira Ishe. Anofunga, akadzidziswa kuti ndiyo nzira chete yaanogona kuzviita nayo, ndeyekushandira sangano rake. Zvino kana akasimuka uye oparidza zvinotaurwa neShoko, chechi inotomubvisa pachigaro; zvino ipapo anobva atya kuti haazowana mukana wekuparidza Evhangeri.

49 Oo, zvatinoda pamapurupiti, nhasi, varume vakaita sezvaiva Uziya. Zvisinei nezvematongerwo echechi yake, kana zvematongerwo echimwewo chinhu, akaisa ruoko rwaMwari, muna zvose. Akamirira kusvikira awana ZVANZI NAJEHOVHA, ndokubva azozviita.

Mudiki uyu, muporofita mudiki uyu, muchinda wechidiki angangova wezera rake, mutemberi pamwe naye, vaipfugama pamwe chete vonamata, pasina kupokana, uye vokumbira kuda kwaShe, vobva vazvienzanisa nemirawo yeBhaibheri. Zvino, kana zvainge zvakanaka, Uziya aizvibvumira. Kana zvaive zvisina kunaka, aishaisa maturo zvematongerwo enyika pazviri. Mwari, tipeiwo vamwezve vakadaro. Zvino zvakafadza Isaya nokuti akaberekwa ari muporofita.

50 Zvino Uziya akazova ga—gamba chairo kuna Isaya. Munoona, nokuda kwekumira kwake—kwake pana Mwari, akava gamba mumaziso evakarurama. Uye panogona kunge paisava nevazhinji vakarurama. Maona? Asi chinhu chatinoda kuita, kuita kuti hupenyu hwedu huve nechirevo kuna Mwari. Mumwe munhu akakutarisa.

51 Ndaitsiura mumwe munhu rimwe zuva. Mune imwe nharaunda, vaiva ne . . . imwe—imwe chechi huru yesangano

yaiva nepati huru yerock-and-roll zasi kuno, zvino vaitamba kusvika nguva dzingaita 1 o'clock mangwanani. Uye vakanga vachiseka mumwe munhu aiuya kutabhenakeri kuno, ndokuti vaiva "vaumburuki vatsvene," vaiuya zasi kuno, nekuti hataiva nesangano. Oo, zvakandipa mukana chaiwo izvozvo! Munogona kutongofungidzira zvakaitika. Asi, nyaya yacho ndeyekuti, zvino, vanhu ivavo, pasina kupokana kuti mudzimai wechidiki wacho akataura izvozvo, dai aingoziva chete kuti Chokwadi ndechipi!

52 Ndaive mumakomo, mavhiki mashoma apfuura, uye kuseri-seri chaiko. Pandakanga ndava kudzoka kumba... Takadzokera, mhuri pamwe neni, kunozorora zvishoma, uko kwatiri kuzoenda zvakare, Ishe vachitendera, vhiki rinouya. Uye ipapo, seri ikoko humwe husiku, ndakaona chiratidzo. Uye aive mudzimai a—akarurama, ane hunaku, aitaridzika, semudzimai wechidiki, achimhanya. Aive akaisa ruoko rwake pedyo ne...zvino akanga ava kufa nekukomoka kwemwoyo. Mudzimai ane runako, ndokubva adonha ndokutoenda. Zvino Mutumwa waJehovha akati, "Zvino, paunonzwa nezvazvo, rangarira, vachataura kuti azviuraya, asi akafa nekukomoka kwemoyo. Zvino dzava kuda kusvika 4, saka unongoti 4 o'clock." Ndokubva Andisiya.

53 Zvino handina kumutsa mhuri, mumusasa mudiki wekumombe, kana kuti uko kunogara vakomana vemombe, kwataienda seri ikoko kunokokorodza mombe. Nda—ndakangovasiya vakarara kusvika mangwanani. Zvino zvadaro zuva rakatevera, ndakazozvitaura. Uye ndakati, "Mumwe musikana wechidiki, akanaka chaizvo, ari kuzofa nekukomoka kwemoyo." Uye tiri munzira kunze uko, mazuva 2 akatevera acho, hezvo ndokubva zvataurwa paredhiyo. Kuti Muzvare uyu...Handisi kukwanisa kufunga zita rake. [Mumwe munhu anoti, "Monroe."—Mupepeti] Monroe, Mai Monroe. Ndinofunga kuti ndiro raiva zita rake repamitambo, kana chero zvaraiva. Zita rake raiva rimwewo. Zvino akanga afa, uye vakati azviuraya.

54 Zvino, hazvina mutsauko wazvinoita kuti ndingazvitaura zvakadini, vachangoramba vachitaura kuti akazviuraya. Asi mwana uyu haana. Akafa nekukomoka kwemoyo. Uye kana ukatarisa, aiva neruoko rwake, achiedza kusvikira pane foni, foni iri muruoko rwake. Akava nekukomoka kwemwoyo. Vakati mapiritsi ekurarisa aivepo. Aitoanwa kwemwedzi chaiwo, munoona, kana kudarika, kubva mubhodhoro iroro. Akafa nekukomoka kwemoyo. Uye akafa masekondi 4 kana kuti 5 isati yasvika pana 4 o'clock, chaipo.

55 Zvino ndakaverenga nezvehupenyu hwake, mumagazini, kuti izvo vake...Akanga ari mwana wekumitiswa. Uye kuti akanga asuka ndiro zhinji. Uye amai vake vari muchipatara chevakarasika njere. Uye akanga achishuvira ne...Aive

mudzimai ane muviri wakanyatsonaka kupfuura vose, ndinodaira kudaro, pasi rose. Asi akanga achishuvira chimwe chinhu chisingagone kutengwa nemari. Ndakafunga, "Oo, ndinoshuva kuti dai ndakakwanisa kuti ndisvike kwaari. Ndinoziva chaizvo chaaida." Hezvoka izvo.

56 Zvichida nhengo dzemachechi ane mukurumbira, Hollywood yakanakisisa, ine mukurumbira, uko kune madhekoresheni ese nehunyerenyete. Asi vakaona vanhu ivavo. Aigona kuona kuti vairarama hupenyu husina kusiyana nehwaairarama. Zvinototora runziro. Zvinotora simba rerumuko rwaKristu pakati pevanhu, zvekuti vanoona kuti Kristu haasi chimupunzo chakarembera muchivakwa, asi Anotova Munhu mupenyu muchimiro cheMweya Mutsvene, achirarama muvarume nemadzimai, achiunza rugare, nekugutsikana, nemufaro. Oo, dai taive takangokwanisa kusvika kumudzimai wechidiki uyu asati abva panyika!

57 Zvino, runziro. Tinoona kuti—kuti hupenyu hwaUziya hwakarunzira muporofita uyu, uye kusvika panzvimbo yekuti Ukiya, Uziya, waro, akavaka masvingo ndokuzvisimbisa, akatora nzvimbo nezvinhu zvaiva zvavo, kubva kuvaFiristia, nevamwe vakadaro, kusvikira mukurumbira wake wakafamba nzira yose kusvika kuEgipita. Uye ndinokuudzai, paNhoroondo dzose dzeMadzimambo, hapana kana mumwe wavo, kunze kwaSoromoni, uyo akapararira saUziya. Sei? Nokuti akaisa muenzaniso. Akagara naMwari, zvisinei kuti vanhu vake vaifungei, kana kuti mumwe munhu aifungei, kana pane izvo vezvematongerwo enyika vakaedza kumurunzira. Akangoramba ari panaMwari chaipo, uye Mwari vakamuropafadza. Yakava betsero huru kumuporofita uyu wechidiki.

58 Mwari vanoropafadza zvikuru munhu anenge akatendeka kuShoko raMwari! Zvino, anogona kunge asina kukurumbira zvikuru, asi anoropafadzwa. Uye zvino vanhu vanofanira kutora sarudzo yavo, kuti unoda kuitawo sevamwe vese here, kana kuti unoda kuropafadzwa naMwari. Zvino unogona kungotora sarudzo yako. Kana uri kuzorarama sevamwe vose, ucharopafadzwa navo. Asi ukatendeutsira zvako . . . zvishuwo zvako zvose kuna Mwari, zvino unoropafadzwa naMwari. Saka unotofanira, "Sarudzai nhasi uno wamunoda kushumira," sezvakataurwa nemuporofita. "Nguva dzose rangarira Musiki wako, kutanga, nguva dzose."

59 Zvino, asi, mambo uyu paakasvika panzvimbo, ari munhu mukuru zvakadaro, uye achirunzira Isaya nevakarurama, honguka, vemuhumambo hwake, akasvika pekuti akanzwa kuti anogona kuzvichengetedza ega.

Zvino ipapo ndipo paunokanganisa. Ipapo ndipo varume vose vakarurama vanosvika pakunyadziswa, vanosvika pakukundwa, imhaka yekuti vanotanga kunzwa kugona

kuzvichengetedza vega. Unotanga kufunga kuti wararamira Kristu nguva yakareba, zvekuti, zvisinei nezvaAnoisa pamberi pako, unoita sarudzo yako kuti unoZvida here kana kuti kwete. Unofanira kuenderera mberi uchishumira Mwari. Zvisinei nezvawaiva, kumashure makore 10 akapfuura, ndeizvo zvauri zvino.

60 Mambo akasvika pekuti akafunga mukati make, kuti, akazvitutumadza. Kuzvikudza kwakapinda mumoyo make.

Uye ndizvo zvinoitikawo kwatiri. Kana mukaregererawo chitaurwa ichi, ndizvo zvakaitika kumachechi edu munyika yose. Mune vanhu vakanaka imomo. Vamwe vevakanakisisa pasi rose vanoenda kuchechi. Ndinofunga kuti vakanakisisa pasi rose vanoenda kuchechi. Asi nyaya yacho ndeyekuti, hurongwa hwe—hwemasangano hunozvitutumadza. Ndizvo zvakaitika ku—kumaMethodisti. Ndizvo zvakaitika kumaBaptisti. Ndizvo zvakaitika kumaNazarene, kumaPilgrim Holiness, kumaPentekosti; vakazvitutumadza, vakasindimara, vane hundini, kuzvikudza, zvekuti haugone kuvaudza chimwe chinhu. Mwari havagoni kuwana nzira yekupinda mumwoyo yavo. Imhaka yekuti vanobva vava anamazivazvose zvekuti hapana anogona kuvaudza chero chinhu. Uye nekuzviumba pane kushandisa pfungwa, nehama, vanozviumba pachavo pachitendwa chavo. Uye pavanodaro, vanosiya Mwari kumashure.

61 Ndizvo zvinoitika kuna vanachiremba. Pavanova nehundini chaizvo zvekuti havachatodi kubatsirwa naMwari, ipapo ndipo pandisingadi—ngadi mumwe anoda kuita zvekutamba neni. Ndizvozvo. Hongu. Paunosiya Mwari kunze pane chimwe chinhu, iwewe, ndinoda kuti undisiyewo kunze, zvakare. Maona? Nokuti, unofanira kugara uchirangarira Mwari kutanga.

Akazvisimudzira.

62 Vazhinji nhasi. . . Ukatora imwe—imwe mhuri ine vanhu vanotanga kuenda kuchechi, zvino Mwari vanopodza mhuri duku iyoyo. Vanovaropafadza nekuvapa Mweya Mutsvene muhupenyu hwavo. Vana vadiki vanonamata, patafura. Vanonamata vasati vaenda kunorara. Amai nababa vanobatana maoko vonamata. Uye chero bedzi vachienderera mberi saizvozvo, vachagara vari mhuri. Asi varege vawane. . . Chinhu chekutanga munoziva, vaive vasina kana chinhu; mugweje wemotokari yakudhara, zvichida, yavaifamba nayo, kana zvichida vachitofamba netsoka.

Vozopedzisira vawana motokari yakanaka, imba iri nani. Uye chinhu chekutanga munoziva, vanobva vada kusvika pane izvo ivo, zvinodanwa, nenyika kuti, “boka riri nani,” rekuwadzana naro. Vanopinda munharaunda yakasiyana, zvino imomo, vanozoona kuti vanorunzirwa nerunziro isiri iyo.

Unofanira kugara nguva dzose pane Humambo hwaMwari, uye pari kudururwa kubwinya kwaMwari. Gara panzvimbo yaunogona kupiwa chikafu chepamweya, siku nesikati. Zvino chinhu chekutanga munoziva, kuparadzana kunouya mumba, nezvemunyika, uye vanobva vazvisimudzira.

63 Uziya akadaro. Akazvisimudzira; kuzvikudza kwakawanda. Zvino tinobva taona zvaakaedza kuita. Zvino, chaizvo chakanyatsomubata, paakazvisimudzira, mumoyo make, tinoudzwa muBhaibheri, muna Makoronike 26, tinoona kuti, Makoronike Echipiri 26, tinoona kuti akaenda mutemberi yaShe, aine mudziyo wekupfungaidza muruoko rwake, kuti apise zvinonhuwira kunaShe. Zvino paakadaro, mushumiri wemutemberi, nevamwe vashumiri 80, vakamutevera ndokumuudza kuti, "Musadaro. Muri kukanganisa. Hamusi mushumiri. Imi muri mambo, kwete mushumiri."

64 Zvino akabva ava nehasha, ndokushatirwa, ndokutadza kuzvidzora. Zvino akabva atungidza mudziyo wekupfungaidza, kuti aende chero kwaanoda, zvino Mwari vakamurova nemaperembudzi ipapo achakamira kudaro ari muhasha dzake. Uye akafa, aine maperembudzi. Vakatozoita zvekumubuditsa mutemberi.

65 Ndipo patiri kuda kuva nechidzidzo zvino. Kana murume uyu, wekuti Mwari vakanga varopafadza pachinzvimbo chake, asi akanga asina kugutsikana nazvo. Aida kutora nzvimbo yemumwewo munhu. Haugone kuva chimwe chinhu . . .

SaCongressman Upshaw, munovarangarira, avo vaive—vaive vakaremara kwemakore 68 ndokupodzwa mumusangano kunze uko, munoziva. Vaiva Congressman muUnited States. Vakati, "Haukwanisi kuva chimwe chinhu chausiri." Saka tingati ichokwadi ichocho. Unofanira kugara uri pakudanwa kwako, pawakadanirwa naMwari.

66 Zvino, chero bedzi aingoramba ari mambo, uye akanga ari ropafadzo kuvanhu, ari mambo. Asi paakafunga kuti aive mushumiri, zvino . . . akafunga, nekuti Mwari vakanga vamuropafadza, aigona kuva chero chaaida kuva. Asi akanga ari ropafadzo kuvanhu, ari mambo; asi kwete ropafadzo, akazova chituko pavari paakaedza kutora nzvimbo yemushumiri.

Uye tine vakawanda vakadaro. Munhu wese anoda kunge ari iye ane bhora. Maona?

67 Pamunenge muchitamba mutambo webhora, sezvo uno uri mwaka webhora, chatinenge tichida kuita, hakusi kuti munhu wese aedze kutora bhora kubva kumunhu anenge anaro, kutoedza kuchengetedza munhu iyeye, kumudzivirira, kumurega achipfuura. Tiri kuedza kugohwesa. Maona?

68 Asi ungafungidzira here timu isina kurairidzwa zvakanaka kuti kana vaona mumwe munhu, munhu wetimu yavo, aine bhora achimhanya kuenda kugedhi kunogohwesa, uye pane kuti

vaedze kudzivisa muvengi kusvika kwaari, timu yavari kutamba nayo, kurega munhu wenyu ane bhora kuti amhanye naro, munhu wese ari kutoedza kubvisa bhora racho muruoko rwake? Handiti, munotodyiwa chete.

69 Uye nhasi tine nyaya imwe cheteyo. Patinoona Mwari vachiuya panzvimbo uye vachizoropafadza chimwe chinhu, ngatibvisei vavengi vose kubva pachiri. Ngatishandisei kurunzira kwedu sevanomaka, kwete vamhanyi, vanomaka vanodzivirira ari kumhanya wacho, zvinomuita kuti asvike pakunogohwesa bhora; nekuti haana ari kumukwikwidza, zvoga zvaanofanirwa kuita kungoramba achimhanya. Uye isu tinofanirwa kuva vacho vanomaka.

70 Ndinotaura pasi rose, munoziva, ndakamiririra veFull Gospel Business Men, pasi rose, ndichironga mapoka acho. Nguva shoma yapfuura, apo, ndinotenda, kwaiva kuKingston, Jamaica, pavakanga vaina Castro nevamwe vose kumusoro ikoko pamusangano uyu. Kana kuti, taive tiri kumba kwake, ndizvo zvazvaive, uye vanhu vane mukurumbira vepachitsuwa chose ichocho vaivako kumusoro ikoko. Zvino vanamuzvinabhizimu ivavo vaiedza kuparidza Evhangeri. Atobva panzvimbo yake. Isu vaparidzi tine nguva yakaoma yekurichengeta rakarurama. Uye vanoshandisa karunziro kese hako kavanogona kuwana, nekamuitiro kese nenzira *iyi* nenzira *iyo*, uye zvinoramba zvakangovhiringidzika, zvekuti hauzive zvekuita.

71 Nguva zhinji, mu—muchechi, chechi duku inogona kuva nerumutsiriro rwuri kuitika. Mumwe munhu achada kuenda kunze *kuno* kunotungamira mumwe musangano wemunamato, uye ipapo ane imwewo pfungwa yakasiyana chaizvo nezvinotaurwa neBhaibheri, asi anoRitenda nenzira *iyi*, zvisinei hazvo, zvino obva atotanga imwe runziro uye otodhonza vamwe kubva paRiri.

Chinhu chekuita kuchengetedza Mharidzo ino, mafambiro aIri kuita. Gara chaizvo naYo, uye wobvisa zvese kubva paIri, kana tiri kuzogohwesa. Zvakanaka.

72 Zvino ndakati, "Hama, pane chimwe chinhu chakakanganisika. Imi vanhu muri vanamuzvinabhizimu. Chekutanga, hamutonzwisisi maitirwo acho. Hamunzwisisi masvikiro amunoita kushumiro, nekuti shumiro chipo chekudanwa naMwari."

"Mwari vakagadza muChechi, kutanga vaapostora, vaporofita, vadzidzisi, vavhangeri, nevafudzi." Mwari vakavaisa imomo kuti Chechi igokwaniswa.

Vanamuzvinabhizimu vanofanirwa kupupura. Madzimai, mai vepamba, hazvinei kuti uri musikana webasa mumba memumwe munhu, pupura. Ita zvose zvaunogona kuitira Humambo, asi usambofa wakapfekedzera pfungwa dzako pachako. Ingotaura zvinotaurwa neMharidzo, uye woramba

uchienda mberi, munoona, uye ipapo pamwe une imwe runziro yaunayo. Asi usaedza kuparidza zvino kusvikira Mwari, unoziva, vakudana. Ingonyatsogara chaizvo naizvozvo, huchapupu hwako. Nekuti, kana ukasadaro, unopinda muchikamu chisiri icho, uye wobva wavhiringidza zvinhu zvacho zvose. Ndizvozvo. Uye hazvifadzi Mwari, zvachose.

73 Izvi zvinozviratidza pano. Mambo uyu, zvino, paakatsiurwa nekuudzwa Chokwadi nemushumiri wemuchivakwa, uye akaedza kumuudza kuti akanga achikanganisa, kuti Mwari vakadanira izvozvo kudzinza raAroni chete, uye vakanga vakatsaurirwa kushumiro iyoyo bedzi. Ndizvo zvoga zvavaifanirwa kuita. Vakanga vakatsaurirwa izvozvo. Uye mambo, zvisinei kuti aive akarurama zvakadii, kana kuti aive aropafadzwa naMwari zvakadii, akanga asina kodzero yekupisa zvinonhuwira. Aitotora nzvimbo yemuprisita, uye haafanire kudaro. Zvino paakatsiurwa, akatoshatirwa. Akaviruka nehasha. Achakaviruka nehasha kudaro, maperembudzi akaonekwa kumeso kwake. Akazara maperembudzi. Uye ndokubva adonhedza mudziyo wekupfungaidza, akamhanya achibuda muchivakwa. Maona?

Kuedza kutevedzera mumwe munhu, hatifanirwe kudaro.

74 Muhasha dzake, akaita zvakaipa, ndokurohwa. Oo, chaive chidzidzo chaicho kumuporofita uyu wechidiki, kuti aone, zvino, zvisinei kuti murume uyu aive mukuru zvakadii, aifanira kugara mukudanwa kwake.

75 Ndinocherechedza kuti izvi zviri kutepwa, uye ndinoziva kuti zvinoenda pasi rose, seri uko kumasango, nemaHottentot, nezvimwe zvinhu zvose. Mharidzo ino pano, manheru ano, ichadudzirwa mumitauro, asi ndinotaura izvi nemoyo wangu wese. Ko zvingaitika sei . . .

Vanhu vazhinji vachiti, "Munodii kujoinha sangano rakati-rakati? Madii kuuya kumaPentekosti? Madii kuuya pamwe neboka *iri*? Madii mangorega zvinhu zvidiki izvi zvichingoenda zvakadaro?"

76 Ko ndingazodaro chirudzii? Ndinofanirwa kugara neMharidzo iyoyo. Paye, Mutumwa waJehovha paakaonekwa zasi uko parwizi, muChiedza chiya sezvamunoona; uye Chichiratidzwa pachena nehurumende nekwese-kwese, nesainzi, tsvakurudzo yesainzi, kuti IChokwadi. Uye Akandiudza kuti ndigare neShoko iri. Zvino ndingaRitsinhanisa sei nechimwe chitendwa? Kana varume ivavo vari kunze ikoko vachiita izvozvo, regai vazviite. Asi takadanwa kuti tiparidze Shoko. Usarerutsa. Mira paShoko.

77 Saka zvino munoona chikonzero chekuti chinhu chine njodzi kuedza kurerutsa nekuita chimwewo chinhu, kana kuedza kuzvisimudzira mukati mako, uchiti, "Oo, ndinogona kuita *izvi* uye ndowedzera pamari yandinoita. Ndinogona

kuita *izvi*, uye hama dzose dzinotobvumirana neni. Ndinogona kurerutsa paShoko iri, uye, oo, zvikamu 99 kubva muzana zvevashumiri vavo vanobva vatongouya, 'Hazvina kuipa. Zvakanaka.'" Ndinoziva zvino. Vazhinji vavo vanofona. Chii ichocho? "Zvingwa nehove," tichiona vanhu vachipodzwa, uye nekunzvera, nemasimba aMwari, nezvimwe zvakadaro, zvichiratidzwa. Vanokuendesa ikoko, kuita misangano, nekuti ugounza vanhu mune . . . machechi avo nezvinhu. Asi kana zvasvika pakubvumirana paShoko, vanosuduruka vachibva paRiri. Maona?

Haugone kuita izvozvo. Gara neShoko.

78 Zvino, ichi chaiva chidzidzo kumuporofita wechidiki uyu, kuti, zvisinei nezvaaiedza kuva, anofanira kugara mukudanwa kwake. Maiwee, zvangu! Akadzidza ipapo—ipapo, hurongwa hwaMwari hwevarume.

Hurongwa hwaMwari kuvarume ndehwekuti, "Agare munzvimbo yake." Hurongwa hwaMwari kumadzimai, "Vagare munzvimbo yavowo," zvakare. Haukwanise kutora nzvimbo yemurume. Vari kuedza kuzviita, asi musadaro. Varume, musatore nzvimbo yemadzimai. Musapfeke semadzimai. Uye imi madzimai, musapfeke sevarume. Bhaibheri rinoti zvakaipa kuita izvozvo. Bhaibheri rinoti, "Mudzimai anopfeka hanzu yakafanana neyemurume, hutsvina pamberi paMwari, chinyangadzo." Maona? Asi zvino hauchatokwanisa kuvasiyanisa kuti uyu ndeupi. Maona? Zvino uchaita sei kunze kwekutongodanidzira uchipesana nazvo? Maona? Saka, zvino, kana wadaro . . .

79 Makaona here zvakatemwa nedare vhiki rino muno muIndiana? [Ungano inoti, "Hongu."—Mupepeti] Zvinonyadzisa zvikuru! Makore asingadariki 15 apfuura, imwe mhuri muno muPort Fulton . . . Ndinofunga kuti vamwe vemhuri yacho vagere muno manheru ano. Muno muPort Fulton, vakadzosera kamwe kasikana kumba kubva kuchikoro nokuda kwekupfeka zvikabudura kachienda kuchikoro. Uye ku . . . Vhiki rino, vari kuedza kumhan'arira nekubvisa muchikoro, uye vakatozviita, kasikana kakaramba kupfeka zvikabudura kuchikoro. Dambudziko renyika yedu nderei? Ndaifunga kuti ino inyika yakasununguka. Ndaifunga kuti tine kodzero, rusununguko rwekunamata.

80 Baba ava vakasimuka vakati, "Zvinopesana nekutenda kwekunamata kwedu kuti vana vedu vapfeke zvikabudura, vasikana vedu vadiki, vane makore 16, 17 ekuberekwa, kuti vapfeke zvikabudura. Zvinopesana nekutenda kwekunamata kwedu." Uye vakazviramba izvozvo, vakatodzinga mwana wacho kubva pachikoro.

81 Ndinonzwisisa kuti munhu wese asingabvumirane nazvo uye opinda mune . . . kuchibvumirano che—chepasi

rose cheruwadzano urwu rwavari kuedza kuumba, kuisa, kubatanidza machechi ose pamwe chete, mubatanidzwa wemachechi uyu; kuti, vose vasiri kuzopinda vobatana pamwe nazvo, vachamuitira dunhu diki. Vari kuzovatumira kuAlaska. Chitogadzirirai henyu mamiriro ekunze anotonhora, nekuti zvinoita sekunge zviri kuuya. Saka, zvinonyadzisa zvikuru!

82 Shamwari yangu yekare, Jim Poole, mwanakomana wake amire pano manheru ano. Ndinoshuva kuti dai baba vake vangouya uye voita zvakaitwa nemwanakomana wavo. Zvino tanga tichitaura tese nhasi pafoni, zvino anga achitaura, ndinotenda, pamusoro pemumwe mutauri wenhau, mumwe munhu. Handicharangarira kuti anga ari ani zvino. Asi, ati, "Zvaisiitika kuti—kuti vanhu vemuAmerica vaigeza kamwe chete pavhiki uye vachinamata mazuva ose. Uye," akati, "zvino vanogeza mazuva ose vonamata kamwe chete pavhiki." Ndinotenda kuti ndingasva hangu ndagara ndisina kugeza. Asi zvinongoratidza kuti takawa kusvika papi! Chii chakaitika kunyika ino?

83 Makore angaita 5 apfuura, ndaiva muOhio, uye ndaiva nemusangano kumusoro uko ku . . . [Mumwe munhu anoti, "Chautauqua."—Mupepeti] Nderipi zita renzvimbo iya yandakava nayo kunze uko pane iya . . . ? ["Chautauqua."] Chautauqua. Uye ndakanga ndichiteerera nhau ndiri muhotera. Zvino dzakati, "Ruva rerusununguko rafa masikati ano, mudare remhosva muno muOhio."

Vanhu vechiAmish, havatende mukuendesa vana vavo kuzvikoro zveruzhinji. Vane zvikoro zvavo voga. Zvino mune imwe nharaunda mavakanga vari, vakanga vasina chikoro chesekondari. Murawo weOhio neIndiana, ndinofunga, murawo wenyika yose, kuti vana vese vanofanira kuenda kuchikoro kusvikira vava nemakore 16. Zvino murume uyu anga ane vana vashoma, mukomana nemusikana, vakanga vasati vasvika makore 16. Uye vakaramba kuvatumira kuzvikoro zvehurumende kwavanodzidzisa tsika dzaDarwin, kuti, "Munhu akabva muchizenga chimwe chete, akazova tsoko. Zvese zvaari, anongova tsoko yakanatsurudzwa." Uye—uye saka vaisabvumirana nazvo izvozvo, uye havatodi kuti vana vavo vazvinzwe.

Zvino saka matare akavatora. Zvino mutongi mudiki uyu akasvinukisa akati kuna baba namai ava vekare vakwegura, vane vhudzi ravo rakagerwa bhibho, vakapfeka hovhorosi yavo. Akati, "Changamire, dunhu rino reOhio rine murawo unoti mwana anofanira kuenda kuchikoro kusvikira ava nemakore 16. Uye" akati, "imi makaramba kuendesa vana venyu. Munopindura kuti kudii?"

84 Akati, "Changamire munoremekedzwa, ndinokudza mirawo yedunhu rino rakanaka randiri chizvarwa mariri." Akati, "Asi

takauya kuno, makore akapfuura, madzitateguru edu, kuti tiwane rusununguko rwekunamata. Uye ndosaka tiri pano, nekuda kwerusununguko rwekunamata. Chinamato chedu chinotidzidzisa kuti hatitende kuti takabva kumhuka, kuti tive vanhu. Kuti . . . Tinotenda kuti takasikwa mumufananidzo waMwari. Nokudaro, zvinopesana nokutenda kwemanamatiro edu kuti tiendese vana vedu kuchikoro chinodzidzisa zvakadaro. Nokudaro, hatina chikoro chesekondari pano chekuti vana vedu vaende. Uye hazvisi nekuti hatikukudzei. Tinokudza zvamunotenda. Asi, kana tiri isu, hatizvitende izvozvo, uye hatidi kuti zvidzidziswe kuvana vedu."

Akati, "Muri kuzoendesa vana venyu kuchikoro kana kuti imi nemudzimai wenyu muchapedza makore 2 muri mujeri rehurumende." Akati, "Sarudzo yenyu ndeipi?"

Akati, "Amai neni tichapedza makore 2 acho." Zvino vakatendeuka ndokutanga kufamba vachibuda.

Mutongi wekare wacho anofanira kunge akanzwa kakupomerwa mhosva, saka akati, "Rangarirai, Bhaibheri renyu haritaure here kuti, 'Ipai kuna Kesari zviri zvaKesari'?"

Zvino baba vakatendeuka, ndokuti, "'Ko kuna Mwari . . . '?" Uh-huh. Uh-huh. Uh-huh.

Murume aiva panhau akati, "Saka, zvino rusununguko . . . "

Zvino mutongi akati, "Ndiri kukutongerai makore 2 mutirongo."

Akati, "Zvino rusununguko, ruva rerusununguko, rafira mukamuri yedare iyoyo, masikati ano."

85 Asi hazvo, maDunkard iwayo, kana kuti maAmish, waro, zvisinei nekuti vane mutsauko wavainawo, vanotenda mukurarama kutsvene. Uye hapana kana chinyorwa chimwe chete, chero kupi zvako muUnited States, apo pavakambova nemisikanzwa yevechidiki. Hapana kana munhu mumwe chete, mwana mumwe chete, kubva muchinamato chavo, aive mwana ane misikanzwa. Regai vave vanhu vakasiyana, chero zvavanoda, vakarerwa zvakanaka. Handivape mhosva.

86 Asi, teererai. Ruva racho rakafira pakare, ipapo chaipo. Asi, mumaminitsi angaita 10, rakamuka zvakare. Muchuchisi wacho, vese zvavo, vakasundira mabhuku avo kumashure, ndokuti, "Zvino tiri kuzosiya basa redu, nekuti, kana mukatyora kodzero iyoyo iri mubumbiro remutemo, vachatotyora dzimwe dzese hadzo."

87 Makacherechedza here rimwe zuva riya mubhishopi wekare uya weMethodisti ane huchenjeri, zvaakataura pamusoro pazvo, nezvekuita munamato uya, mu—mu—muchikoro? Yakanga isiri chechi yeMethodist iya. Bhishopi uyu anga akachenjera zvakakwana kuti azvizive izvozvo. Raitova rimwewo boka, vachiona kuti vangasvika kure zvakadini, kuti vamanikidzire

mumwe munamato mu—muzvikoro. Kana vaizobvumidza iwoyo, vaizobvumidza mumwe wacho nekukurumidza chaiko. Vari kutsvaga mukana wese wavangakwanisa kuwana. Musanetseke, vari kuzouwana.

88 Saka, tinoda muchinjikwa. Tinoda Kristu iye zvino tichiri kukwanisa. Musarunzirwe nevanhu vekuti zvichida vanogona kukupa muhoro uri nani. Usarunzirwe nevanhu vanokupa muchina uri nani wekufamba nawo, kana imba iri nani yekugara mairi, uye wotengesa hudangwe hwako, kuna Kristu. Usambofa wakaita izvozvo. Tarisa zvauri kuita. Gara uchitevera uyo anorunzirwa nekutsigirwa naMwari, wekuti unoziva kuti Mwari vanavo. Usatevere runziro isiri iyo. Hongu. Zvakanaka.

Usaedza kutora nzvimbo yemumwe munhu.

89 Chiratidzo mutemberi, akaona, pa—paChigaro chehushe, Mwari vakasimudzirwa, Mwari vachisimudzwa.

Zvino, munoona mambo uyu, kuti akanga aita muenzaniso pamberi paIsaya. Zvino Isaya akaona kuti mambo iyeye, paakangobuda achibva mukudanwa kwake, zvinoka, Mwari vakamurova nemaperembudzi. Zvino Isaya akafunga, "Ndoita sei?" Uziya akanga afa. Anga akanyanya kuzembera paari. Zvino akafunga kuti akanga aenda; aizoitei? Hupenyu pachahwo hwakanga hwapera, kwaari, potse. Saka muporofita wechidiki uyu akaitei? Akadzika zasi kutemberi, kunonamata. Akawira pasi paartari, ndokuchema.

90 Dzimwe nguva Mwari vanoita kuti zvose zvatakazorora pazviri zvibviswe patiri. Dzimwe nguva Vanorega hurwere huchitirova. Vanorega kuwodzwa moyo, kurwadziwa kwemoyo kuchitirova. Dzimwe nguva Vanoita izvozvo kuti zvikusvitse paunogona kurunzirwa neEvhangeri. Iva wakangwara zvakakwana kuti uIbate. Usava nehupenzi hwakakwana hwekufamba uchibva paIri. Uh-huh.

91 Cherechedzai. Isaya akaziva kuti anofanira kuwana chimwe chinhu chakasiyana. Saka akaitei? Akaenda kutemberi. Akasimudza maoko ake, ndokuchema kuna Mwari. Uye akapinda mukuona chiratidzo. Zvino wakati apinda muchiratidzo, akaona Mwari, kwete pachigaro choushe zasi kuno, asi vakasimudzirwa, kumusoro-soro. Oo, ini zvangu! Besu renguwo yaVo rakanga richiVatevera. Vakasimudzirwa kumusoro kuMatenga, uye akaona, achienda nekudzoka, nemutemberi, maSerafimi achibhururuka. Oo, ini zvangu!

Serafimi, zvinoreva "vanopisa," izwi rekuti Serafimi rinoreva kudaro. Zvinova kuti, Iri padivi peArtari. Chaizvoizvo, maSerafimi ndiwo anogamuchira chipiriso, nekuchenesa munamati, ozobva amuunza kuna Mwari, Serafimi inodaro. Zvino, maSerafimi aya aitove Ngirozi mhenyu. Uye ndiwo acho ari pedyosa naMwari, paArtari chaipo, uye anogamuchira chibayiro. Zvinoratidza kururama kwaMwari, kuti chivi

hachikwanise kuuya muHupo hwaVo kunze kwekunge chayananisirwa. Maona?

92 Uye maSerafimi aya, rangarirai, mumazera manomwe echechi, kuti airinda Evhangeri iyoyo sei, imwe chete kudivi rimwe nerimwe! Munorangarira, takaadzosera mubindu reEdheni, aine Munondo unopfuta akamirapo? Anorinda Artari.

93 Zvino Isaya, muporofita mukuru uya, paakapinda muMweya, akaona, kutanga, Mwari vagere kumusoro-soro kuMatenga, pamusoro pamambo wose wepanyika. Akati, "Ndakaona Mambo, ivo Ishe, vagere pakakwirira uye vakasimudzirwa." Zvino akaona Mambo chaivo. "Uye besu renguwo yaVo raiVatevera."

94 Zvino akaona Maserafimi achibhururuka nemuchivakwa. Aiva nemapapiro akafukidza chiso chawo, mapapiro akafukidza tsoka dzawo, uye aibhururuka nemapapiro 2. Uye aidanidzira achiti, "Mutsvene, mutsvene, mutsvene, Ishe Mwari Samasimba. Mutsvene, mutsvene, mutsvene, Ishe Mwari Samasimba." Mumhanzi wakadii—wakadii! Mutinhimira wakadii!

Unoti, "Anofanira kunge aizvitaura zvinyoro-nyoro chaiko, 'Mutsvene, mutsvene, mutsvene, Ishe Mwari Samasimba.'"

95 Isaya akati, "Paaitaura, mbiru dzechivakwa dzaizunguzika nekuda kwenzwi rawo."

96 Akanga asiri kungoti, zvino, "Mutsvene, mutsvene, mutsvene."

Oo, inzwi rakadini iri! Zvino akati, "Uye mbiru dzakafamba ndokuzunguzika nekuda kwenzwi rawo." Aitozhambatata. Ngirozi dziya dzakamira padivi raMwari, dzichidanidzira, "Mutsvene, mutsvene, mutsvene, ndiShe Mwari Samasimba." Chiratidzo chakadini! Fiyuu! Oo, ini zvangu!

97 Cherechedzai zvakare. Isaya, anga akazembera paruoko rwaUziya, ndokumuona achifa pasi pekutonga kwaMwari; uye ndokuona zvisikwa zvitsvene izvi zvaiva padivi paMwari, maSerafimi achidanidzira kuti, "Mutsvene, mutsvene, mutsvene, Ishe Mwari Samasimba." Uye Ngirozi tsvene idzodzo dzakafukidza chiso chadzo. Ngirozi tsvene dzakafukidza zviso zvitsvene, pakati paMwari Mutsvene. Saka timbori vanaani?

98 Zvino, oo, imi maMethodisti, nemaBaptisti, nemaPresbyteriani, nemaPentekosti, timbori vanaani?

Apo, Ngirozi tsvene chaidzo dzinotovanza zviso zvadzo zvitsvene pasi pemapapiro, kuti dzimire muHupo hwaMwari; idzo, Ngirozi, chisikwa chinotova pamusoro peNgirozi, Ngirozi hadzitomirapo ipapo, maSerafimi oga, Anopfuurira Ngirozi, uye Mwari vatsvene kwazvo kusvikira anotofukidza chiso chawo muHupo hwaMwari Mutsvene. Uye chinhu choga chaaigona kutaura kwaive kungoti, "Mutsvene, mutsvene,

mutsvene, ndiShe Mwari Samasimba!" Fiyuu! Chifukidzo chawo chakatsaurwa, kuti amire muHupo hwaMwari.

Imhandoi yechifukidzo chatinoda isu? Aitofanira kufukidzwa.

99 Ndinoda kutaura izvi iye zvino. Ropa raJesu Kristu rakatokwana. Maona? Kristu haana kumbobvira akafira maSerafimi iwayo. Kwete, kwete. Asi aitova zvisikwa zvakasikwa. Haana kumbofira Ngirozi. Akafira vatadzi. Uh-huh. Haana kufira vanhu vatsvene. Akafira vasiri vatsvene. Uye chero bedzi uchifunga kuti uri mutsvene, haAna chakanaka chaakakuitira. Asi kana ukacherechedza kuti hausi chinhu, zvino Akafa—Akakufira iwe. Maona? Paunocherechedza kuti hausi chinhu, zvino iYe ndiye. . . Ndiwe wacho waAkafira. Hum! Mwari vatsvene chaizvo. Hapana chimwe kwaVari kunze kwehutsvene, ndizvo zvoga, kuchena.

100 Zvino ngaticherechedzei mapapiro aya, kwemaminitsi mashoma. Tinoona kuti mapapiro 2 yakafukidza chiso chayo nawo. Ini zvangu, fungai! Kunyangwe Ngirozi tsvene dzakafukidza zviso zvadzo zvitsvene muhupo hwaMwari Mutsvene. Zvino chinhu choga chadzaigona kutaura kwaive kuti, "Mutsvene, mutsvene, mutsvene, ndiShe Mwari Samasimba. Mutsvene, mutsvene, mutsvene, Ishe Mwari Samasimba."

Uye tinoudzwa kuti dzaidanidzira, siku nesikati. Ndiro danho rekutanga kubva kuna Mwari, vachiburuka pasi. Siku nesikati, pasina kana kurega! Zvino iwe unofunga kuti isu tinoita ruzha rwakawanda. Unofungei pamusoro pemamiriyoni aDzo dzakapoteredza Chigaro chehushe? Nenzwi raizunguza mbiru dzetemberi, kana imwe chete yadzo yadanidzira kuti, "Mutsvene, mutsvene, mutsvene," munoziva, inzwi rayo rakazunguza temberi. Apo, mamiriyoni adzo achidanidzira akakomberedza Chigaro chaMwari, "Mutsvene, mutsvene, mutsvene, Ishe Mwari Samasimba. Mutsvene, mutsvene, mutsvene, Ishe Mwari Samasimba!"

Dziine mapapiro akafukidza zviso zvadzo, mapapiro akafukidza tsoka dzadzo, akanga ari mapapiro; ruremekedzo, rukudzo. Oo, ini zvangu!

101 Zvino hapana ruremekedzo kana rukudzo pachinhu chinotaura pamusoro pehutsvene. Ukataura nezvehutsvene, unonzi uri muumburuki mutsvene. Uh-huh. Hapana ruremekedzo, hapana rukudzo kuna Mwari, vanhu vaVo, kana Shoko raVo. Zvino, boka iri richazogumirepi?

102 [Hama Ben Bryant vanoti, "Alaska."—Mupepeti] Ndofunga uri raiti ipapo, Ben. [Ungano inoseka.] Wabaya dede nemukanwa panguva iyoyo, mwanangu. ["Ndatenda."]

Hongu, tongoti ndizvozvo chaizvo. Boka iri risingaremekedze richazogumirepi zvino? Ko boka iri

risina ruremekedzo richazogumirepi, ndizvozvo, avo vasina ruremekedzo, zvachose, kuna Mwari?

103 Munoziva, zvaisimbova kuti, kana mumwe mudzimai kana murume vakati vaiva Mukristu, vanhu vaizvikudza izvozvo. Asi, nhasi, vanongotsvaga kuona kuti vangazviseka kusvika pakadii. Maona? Maona? Boka revasingaremekedze! Ini zvangu!

Sei? Munozivei? Hechi chikonzero chacho. Havatozive kuti Ichocho iChokwadi. Hapana chavanoziva nezvaMwari. Havarangarire kuti Bhaibheri rinotaura, kuti, "Ngirozi dzaMwari dzakakomberedza avo vanoVatya." Hadzingouyi chete kuzovashanyira, dzi—dzinotodzika matende adzo. Ameni. "Ngirozi dzaMwari dzakakomberedza avo vanotya Zita raVo," dzinogarapo siku nesikati.

Imwe hama yechitema yakaimba rwiyo rwuya, *Ngirozi Dzinogara Dzakandirinda*. Ikati, "Zuva rose zvaro, husiku hwose zvahwo, Ngirozi dzinogara dzakandirinda." Ndizvozvo chaizvo. "Zuva rose zvaro nehusiku hwose zvahwo, Ngirozi dzinogara dzakandirinda."

104 Jesu akati, nezve, "Vadiki ivavo," akati, "chenjererai kuti musagumbura mumwe wavo, nokuti Ngirozi dzavo dzinogara dzakatarira chiso chaBaba vaNgu vari Kudenga." Maona? Nguva dzose dzinogara dzakakomberedza, dzakatarisa ivavo.

105 Uye havatombozvitenda izvozvo, vanhu vasina humwari. Tiri kuzotanga papfungwa yekuti, "Humwari nekusava nehumwari chii," mangwanani, kana Ishe vachitendera. Zvino cherechedzai, havatombozvitenda izvozvo. Vakarasikirwa nehunhu hwese, rukudzo rwose, ruremekedzo rwose, asi zvakadaro vanoenda kuchechi. Boka risina ruremekedzo zvakanyanyisa riripo, ndivava vanoenda kuchechi. Ndizvozvo chaizvo.

106 Mutengesi wedoro zvisiri pamutemo kana kuti mubiki wekachasu achiuya mumugwagwa, achipfuurapo, uye akadhakwa zvishoma, ukataura naye pamusoro paShe, anomira otaura newe.

Vamwe vevaya vakasaririra, *vanongonziwo* vatendi, nhengo dzechechi dzinotoseka pamberi pako chaipo, nekuti hausi wesangano ravo. Ndizvozvo chaizvo. Zvirokwazvo. Havana kana ruremekedzo. Unofunga kuti unofanirwa kuva nhengo yekachikwata kavo, kana kuti hautogari kudivi ravo remugwagwa. Maona? Ichokwadi. Kusaremekedza!

107 Zvino, Ngirozi idzi, kana dziri muHupo hwaMwari, dzaiva . . .

Ndinotenda kuti Dhavhidhi akati, munorangarira takava pano husiku hushoma hwapfuura pandaiparidza nezvechimwe chinhu, uye akati, Dhavhidhi akati, "Ndinoisa Ishe mberi kwangu nguva dzose, kuti ndirege kuzungunutswa. Uyewozve,"

akati, “zvino, kana ndadaro, nyama yangu ichazorora mutariro.” Hongu, changamire. “Nokuti ndinoziva kuti chii . . . Havazosiyi mweya wangu mugehena, uye haVazoregi iYe Mutsvene waVo achiona kuora. Nokuti, Ishe vari mberi kwangu nguva dzose.”

108 Kwese kwaunoenda, isa Mwari. Kana munhu akashatirwa uye akakutuka, isa Mwari pakati pako naye. Kana mumwe muchinda akakudana kuti muumburuki mutsvene, isa Mwari pakati pako naye. Kana mudzimai akakushatirirwa, isa Mwari. Kana murume akashatirwa, isa Mwari. Kana vana vakakutsamwisa, isa Mwari. Maona? Chero chipi chaunoita, isa Mwari. Kana baba naamai vakakurova zvishoma uye vokugadzirisa, isa Mwari, rangarira zvakataurwa naMwari pamusoro pazvo. “Kudza mwana munzira yaanofanira kufamba nayo.” Maona? Nguva dzose rangarira, isa Mwari. Isa Mwari mberi kwako, uye uchava neruremekedzo kuna Mwari nerukudzo kwaVari. Ndizvozvo chaizvo.

109 Zvino tarisai. Mapapiro 2, yakafukidza chiso chayo. Uye mapapiro 2 . . . Zvaireva kuremekedza, kuremekedza pamberi paMwari, ichikotama, yakafukidza chiso chayo.

Zvino, isu—isu hatina mapapiro ekufukidza zviso zvedu nawo. Tinokotamisa misoro yedu patsoka dzaVo; tinokotamisa misoro yedu tonamata neruremekedzo, rukudzo. Hongu, changamire. Zvicherechedze Izvozvo.

Zvino mapapiro 2, yakafukidza tsoka dzayo. Tsoka dzayo, yakafukidza tsoka dzayo, zvaimiririra kuzvininipisa nerukudzo.

110 SaMosesi, Mosesi ari muru—rukudzo, rwaMwari vachimuudza kuti akanga ari panzvimbo tsvene, akabvisa shangu dzake. Maona? akaita chimwe chinhu kutsoka dzake.

Pauro, murukudzo kuna Mwari, ruremekedzo, Mutumwa waJehovha paakauya pamberi pake, Shongwe yeMoto iya, akawira pasi, nechiso chake. Rukudzo!

Johane Mubhabhatidzi, aiva nerukudzo kwazvo paakaona Jesu achiuya, akati, “Handina kana kukodzera kubata tsoka dzaKe.” Maona? Tsoka, zvichiratidza rukudzo. Maona?

111 Oo, ziva zvinhu! Hechino chinhu chimwe chete chaunofanira kuziva, huduku hwako. Kana uchida kusvika pane imwe nzvimbo naMwari, zviite munhu muduku kwazvo.

Usazviita chamangwiza saUziya. Akapindamo, ndokuti, “Ndiri kuzozviita izvi, zvisinei. Kunyange ini . . . Hauna mvumo yekundiudza.” Maona?

Angadai akazvininipisa. “Hongu, varanda vaKristu, ndiregerereiwo.” Angadai asina kumbova nemaperembudzi. Kwete. “Ndinoziva kuti ndiro basa renyu. Mwari vakakudanai. Ihofisi yenyu iyi. Itai henyu muri imi, madzichangamire. Ndine hurombo zvikuru.” Osuduruka hake, pangadai pakanyorwa zvakatosiyana muBhuku iri.

Asi paakagadziriswa, akatoshatirwa.

112 Ukagadzirisa vanhu pane chimwe chinhu, kana kuvaudza zvavari kukanganisa, vanosiya chechi. Havazo . . . Ukaenda kune mumwe munhu, woudza madzimai kuti havafanire kuva nebvudzi pfupi. "Saka, regai ndiende hangu kune imwe nzvimbo kwarinobvumirwa."

113 Mumwe mudzimai akaenda kuno imwe nguva yapfuura . . . Ndakatumira mudzimai wangu zasi. Taiva mumusangano. Akanga asina nguva yekugeza vhudzi rake. Uye iye . . . Ndakamuudza kuti aende kune chimwe chezvitoro zverunako uko onoita kuti bvudzi rake rigezwe. Akaendako, zvino mudzimai wacho aisatomboziva kuti ogadzirisa sei bvudzi ramai ava. Akarimonera panhongonya yemusoro wavo. Akauyapo, akati, "Handisati ndakambogeza vhudzi kana raani zvake, ane vhudzi refu." Saka, havana chavaiziva nezvazvo. Handizive. Oo, ini zvangu! Maona?

114 Havatozive kuti nderei chaizvoizvo. Sei? Imhaka yekuva zinyekenyeke kwepurupiti yavagara pasi payo, chaizvo, ndizvozvo chaizvo, purupiti ine zinyekenyeke isingataure Chokwadi. Vanorerutsa paRiri. Maona? Zviri nani, zvaizove zviri nani kana mukaRinzwa. Uye ukataura nemumwe wavo, vanosimuka, uye voputika, vobva vati, "Handife ndakanzwa muumburuki mutsvene iyeye zvakare." Maona? Pfuurira hako mberi, Uziya. Ndizvozvo.

115 Maperembudzi, handiti, ndingasva hangu ndava nemaperembudzi, chero nguva, pane mhando yakadaro yemaperembudzi. Ayo maperembudzi emunhu wemukati. Maona? Paunosimuka wofamba uchibuda, unenge watova zvakare nemaperembudzi, chivi, chinova chakaipa kwazvo kupfuura maperembudzi. Iwayo maperembudzi emunhu wemukati.

116 Uziya zvichida akaenda, "Uye akanorara nemadzibaba ake," Bhaibheri rakadaro. Izvo, aive akaponeswa, nekuti akangoita chimwe chinhu chisina kunaka. Asi kana ukazviita, uchiziva zviri nani, unobva watobuda, maperembudzi pamunhu wemukati. Uye hapana nzira yekugamuchira nayo munhu wemukati ane maperembudzi. Munozviziva izvozvo.

Saka zvino, zvidukupise, zvininipise pamberi paMwari, cherechedza, usazvitutumadza nekushatirwa, nzvera Magwaro uone kana zviri izvo.

117 Ndakaudza mumwe munhu, nguva shoma yapfuura. Vakati, "Hama Branham, ndinonzwisisa kuti muri we 'Jesus Only.'"

Ndikati, "Makatadza kunzwisisa." Maona? Ndikati, "Handisi weJesus Only."

Akati, "Asika, munobhabhatidza muZita raJesu."

118 Ndikati, “Izvozvo hazvindiite weJesus Only.” Ndikati, “Dzidziso yeJesus Only, vanobhabhatidza, ‘kuti vavandudze.’ Handitendi mune izvozvo.”

Handitendi kuti, paunongobhabhatidzwa muZita raJesu, zvinobva zvaregerera—zvinoregerera mweya wako, chivi chako. Ndinotenda kuti Petro akati, “Tendeukai, kutanga,” kutotendeuka. Mapotsa chinangwa. Dzokerai. Tendeuka, wobva waratidza kunyika kuti wanga uri, mukubhabhatidzwa. Ndinotenda ku-. . . kuti. . .

Handitendi mukuzvarwa patsva kuti ndirwo rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Harwusi rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Kuberekwa patsva, zvakare. Takazvarwazve patsva neRopa. Chizenga cheRopa chinobva kune. . . ndinoreva, chizenga chehupenyu chinobva muRopa. Wakabhabhatidzwa, Mweya Mutsvene, muMutumbi. Asi wakaberekwa neRopa. Zvirokwazvo. Wakaberekwa neropa rababa vako. Ndakaberekwa patsva neRopa raBaba vangu, nevako, Baba vedu, Kristu. Hongu, changamire.

119 Asi, munoona, hatitendi zvinhu izvozvo. Nokuti tinobhabhatidza muZita raJesu Kristu, hazvitiite veJesus Only, kwete zvachose. Kwete, changamire.

120 Hongu, changamire. Mosesi akazvininipisa muHupo, paakanzwa Inzwi raMwari iroro richiuya saizvozvo. Rakati, “Bvisa shangu dzako.” Zvino Mosesi akanyatsotambanudza ruoko rwake ndokubvisa shangu dzake. Maona? Ndizvozvo.

121 Pauro, Chiedza chiya pachakamurovera pasi. Akati, “Sauro, Sauro, unoNditambudzireiko?”

Akati, “Ishe, ndiMi Aniko?” Kudzika pasi chaipo. “NdiAniko?”

Akati, “Ndini Jesu.” Shongwe yeMoto iya, “Ndini Jesu. Zvakakuomera kuti ukave zvibayo.”

Akati, “Ishe, ndoita sei?” Akanga akagadzirira.

122 Johane Mubhabhatidzi akaMuona achiuya. Mumwe wevarume vakurusa! Jesu akati hakuna kumbova nemumwe munhu, akaberekwa nemudzimai, mukuru saJohane. Zvino Johane paakaMuona, akacherechedza kuti akanga ari muduku kwazvo. Akati, “Handina kukodzera kubvisa shangu dzaKe.” Ameni.

123 Nguva dzose cherechedzai, munhu mukuru anozvininipisa. Nzira yekumusoro kubvira zasi, nguva dzose. Zvidukupise, uye Mwari vachakusimudzira. “Uyo anozvisimudzira achaderedzwa, asi uyo anozvininipisa achasimudzirwa.” Oo, ini zvangu! Ndinozvifarira izvozvo.

124 Zvidukupise. Gara wakadupika nguva dzose. Usava chamakuwende. Iva muchinda mudiki wacho. Maona? Mwari ndivo Vega, pakati pedu, vakuru, zvisinei. Ndizvozvo.

125 Unogara uchiti, “Ichechi tsvene. Vanhu vatsvene.” Oo, kwete. NdiMwari Vatsvene, ndizvozvo, nechechi isiri tsvene nevanhu vasiri vatsvene. Ndizvozvo. Hakuna chinhu chakadaro chinonzi chechi tsvene; ndiMwari vatsvene vari muchechi. Kwete vanhu vatsvene; Mweya Mutsvene uri muvanhu. Zvino, hausi kutaura pamusoro pevanhu; vari kutaura, Mweya Mutsvene uri muvanhu.

Ameni. Hongu, changamire. Ndiro shoko racho chairo. Ameni. Zvanyatsosvika chaipo. Ndarinzwa iroro. Hongu, changamire. Azvifarira izvozvo. Ndinozviziva. Girori. Hongu, changamire. Zvakanaka.

126 Zvidukupise pachako. Yakafukidza chiso chayo namaviri, ruremekedzo. YakaZvininipisa, nokufukidza tsoka dzayo.

Zvino, chechitatu, nemaviri yakabhururuka. Yakazvipinza pakuita basa nemaviri acho. Yakanga ichiremekedza pamberi paMwari. Yakanga yakazvininipisa pamberi paMwari. Kwete izvozvo chete, haina kungogara ipapo bedzi, asi yakazvipinza pakuita basa. Taura nezveChechi! Ameni. Yakazvipinza pakuita basa! Zvingavei zvayaiva nazvo, yakanga yakagadzirira kuenda nazvo. Hongu, changamire. Chinhu choga chayaigona kutaura ndechekuti, “Mutsvene, mutsvene, mutsvene, ndiShe Mwari Samasimba,” asi yakazviisa pakuita basa nazvo izvozvo. Ndizvozvo chaizvo. Yakapinda pakuita basa.

Ndizvo zvinodiwa neChechi manheru ano, kuti, kutanga, kuva neruremekedzo; chinhu chinotevera, kuzvininipisa; zvadaro wobva wazvipinza pakuita basa. Hongu, changamire.

127 Yakaratidza muporofita, payakaratidza muporofita kuti yaimiririra sei varanda vaVo, kuti aizoita sei. Ko muchinda uyu akaitei, Ngirozi iyi? Muporofita uyu akaona inzwi rayo richizunguza mbiru mutemberi padzakadanidzira kuti, “Mutsvene, mutsvene, mutsvene, Ishe Mwari Samasimba!” Uye chivakwa chacho chakazunguzika. Zvino dzakadanidzira zvekare, “Mutsvene, mutsvene, mutsvene, Ishe Mwari Samasimba!” Zvino chivakwa chakazunguzika.

128 Isaya akati, “Ndine nhamo!” Muporofita, muporofita akasimbiswa, akaberekwa ari muporofita, muporofita mukuru wemuBhaibheri, zvino akati, “Ndine nhamo, nokuti meso angu aona kubwinya kwaMwari.” Tarisai muporofita iyeye achizvininipisa. Muporofita, munhu anovingwa neShoko raMwari, asi paakaona chiratidzo chichiita basa, akati, “Ndine nhamo, nokuti ndakamira pedyo kwazvo kusvika ndaona Hupo hwaShe.”

129 Vanhu vedu vemuAmerica vemazuva ano vanogona kuzviona zvichiitika, vobva vatoenda vachizviseka. Ehe. Ndizvozvo. Ipapo, paakaona chiratidzo chichiratidzwa, chiratidzo chakaratidzwa. O Mwari, ivaiwo netsitsi kunyika ino izere nezvivi!

130 Chiratidzo chakaratidzwa! Akadanidzira, "Ndine nhamo ini, nokuti ndiri munhu ane miromo ine tsvina, uye ndinogara pakati pevanhu vane miromo ine tsvina. Ndaparara. Hapana kana chinhu chakanaka pandiri."

131 Zvino, unoti, "Mwari ngavarumbidzwe, ndiri wePresbyteriani, Methodisti, Baptisti, maPentekosti! Handisungirwe kugara ndichiteerera kune zvinhu zvakadaro." Musiyano wakadini uripo! Musiyano wakadini!

132 Rangarirai, muporofita uyu, akadanwa kubva pakuberekwa kwake, akasimbiswa, akafanotemerwa kuhofisi yake, uye achitsvaga Chokwadi, uye akambenge aina mambo. Akanga aona mabasa aMwari achiratidzwa. Asi pakauya chiratidzo chakazaruka, pane kuti chimusimudzire, akati, "Ndine nhamo ini! Ndaparara. Ndachekera zvino, nokuti meso angu aona kubwinya kwaMwari."

133 Uye tinogona kuona kubwinya kwaMwari, uye tichafamba-famba, toti, "Boka revaumburuki vatsvene, vanhu vanopenga." Ndosaka tisina kwatinosvika.

134 Rangarirai, ndakakuudzai kuti, kana ndichiuya zasi kuno, ndinotaura chimwe chinhu chichabatsira vanhu. Maona? Ehe. Tinofanira kuzviremekedza izvozvo. Tinofanira kuzvipa rukudzo rwese rwatinogona, patinoona chiratidzo chakazaruka kubva kuna Mwari chichitaura, uye toziva kuti iChokwadi.

135 "Ndine nhamo ini," akadaro Isaya. "Ndiri muchivakwa chino manheru ano," kana nhasi, kana chero pazvaive, "uye ndiri kuona kubwinya kwaMwari. Ndiri kuona Ngirozi ichitaura, uye ndiri kuona chimwe chinhu chichifamba. Uye ndatarira kumusoro uko, ndokuona Mwari vachiratidzwa pano chaipo. Ndine nhamo ini, nokuti ndiri munhu ane miromo ine tsvina, uye ndigere pakati pevanhu vasina kuchena."

136 Tarisai zvakaitika. Oo, chii chaakaita? Yakaratidza Isaya, muporofita, kuti vanhu vanofanirwa kuva vanoremekedzeka, vachava nerukudzo muHupo hwaVo, kuremekedza uye kuzvininipisa, wobva wapinda pakuita basa. Ndizvozvo. Kurova basa.

137 Semudzimai wepatsime, paakaona chimwe chinhu chichiitika, hama, akava nemapapiro 2. Akabva atoenda, nawo, nekukurumidza chaiko. Akauya kunze ikoko, kutsime raJakobho, kuti achere mvura yakasvibiswa yavakanga vachikakavadzana pamusoro payo. Asi paakanwa mvura kubva muTsime reHupenyu iroro, akabva apinda pakuita basa nekukurumidza chaiko.

Haana kuti, "Changamire, ndapota ndiudzeiwo kwaMakawana dzidzo yeNyu? Ko Makawanepi zvinhu izvi? Makazvidzidza sei?" Kana kuti, "Maziva sei kuti ndanga ndine varume 5? Maziva sei kuti chii changa chisina kumira zvakanaka

pandiri? Ko Maziva sei kuti ndiri mudzimai weSamaria? Ko Maziva sei zvinhu izvi?"

Haana kumbobvunzurudza. Akati, "Changamire, ndinoona kuti Muri Muporofita. Tinoziva kuti kana Mesiya achinge auya, Achatiudza zvinhu izvi." Oo, ini zvangu! Akazvicherechedza neGwaro, uye akati, "Ndinoziva, kana Mesiya achinge auya, Achatiudza zvinhu izvi." Hum!

Akati, "Ndini Iye."

138 Mudzimai akabva apinda pakuita basa. Akanopinda muguta chaimo, nesimba rake rose. Akati, "Huyai, muone Murume Andiudza zvinhu zvandakaita. Handiye here Mesiya wacho?" Paakaona Chokwadi, haana kuedza kuramba akabata bhora, asi akava nechokwadi chekuti aChipa rumwe—rumwe, rukudzo rwakanyanya. Uye aive nechokwadi chekuChitsigira zvakanyanya. Nokuti, akaenda zasi muguta, akati, "Imi huyai, muone. Kana musingazvitende, huyai, muende pamwe neni."

139 Girori! Ndiri kunzwa semuumburuki mutsvene manheru ano. Hongu, changamire. Ini zvangu! Kana ari iwo manzwiro aunoita, uri muumburuki mutsvene, regai ndive mumwe wacho. Hongu, changamire.

Ndinoziva kuti Ari raiti. Ndinoziva kuti Ari pano. Ndinoziva Mesiya mumwe chete iyeye. Ndinoziva Mwari mumwe chete iyeye. Kristu mumwe chete iyeye ari muno chaimo muchivakwa chino chidiki, chekare chiri kupisa manheru ano. Ndinogona kuzviratidza kwamuri. Ameni.

140 Tarisai Mutumwa waJehovha akamira apo mukona, pamusoro chaipo pemurume akagara neche *pano* apa. Zita rake ndi. . . Mufundisi. VaWitt. Vanobva kumusoro kuVirginia. Ndizvozvo. Vari kutambudzika nekukanganisika njere. Kana muchitenda nemoyo wenyu wese, munogona kuenda kumba uye mugopodzwa. Munozvitenda here, changamire? Zvakanaka. Endai kumba, monopora. Kukanganisika njere kwenyu kwapera.

141 Apo, chaipo, akagara apo chaipo, zita rake ndiMorriah. Anobva kuIllinois. Ane dambudziko rekumapeto kweura. Kana muchizvitenda izvozvo, changamire! Munozvitenda here? Ndiri mutsva kwamuri. Kana muchitenda izvozvo, zvichakusiyai. [Hama Morriah vanoti, "Ndinozvitenda."—Mupepeti] Hareruya!

Zimbe reMoto parakanga rabata muporofita,
Richimuita kuti ave akachena nokuchena kwose,
Inzwi raMwari parakati, "Ndiani achatiendera?"
Zvino akapindura, "Ndiri pano, nditumei."

142 Zvisinei nokuti kutambudzwa kwacho kwakadii, zvisinei nokuti muchinjikwa wacho chii, "Nditumei, Ishe. Ndiri pano."

Zvisinei nokuti vangani vanokuramba, vangani *izvi*, *izvo*, kana *zvimwewo*, "Nditumei."

143 Ndiye Mesiya mumwe chete iyeye. Ari pano chaipo zvino. Ndiri kuMuona zvakare. Ameni.

144 Chii ichocho? Mudzimai iyeye akapinda pakuita basa. Akatora mapapiro iwayo ndokutanga kubhururuka. Akapinda pakuita basa nekukurumidza chaiko.

145 Paya, muapostora Petro, paakatora Mwari paShoko raVo, rimwe zuva kunze pagungwa. Akanga aredza husiku hwose uye asina kana chaainge abata. Zvino Jesu akauya kwaari. Akati, "Kandira mambure ako kune rimwe divi reigwa."

146 Akati, "Ishe, ndiri muredzi wehove. Ndinoziva padzinodyira nepadzisingadaro. Ndinoziva padziri nepadzisiri. Asi ndaredza husiku hwose uye handina kumbobata kana demba zvaro. Zvino, kana Mati, 'Kandira neche *uko,*' ndinoziva kuti hakuna hove ikoko. Asi, paShoko reNyu, Ishe, ndichadzikisa mambure." Chii chaakaita? Akapinda pakuita basa. Ameni.

147 Hechino chidziva chizere nemvura. Kana usati wambobhabhatidzwa muZita raJesu, yave nguva yekupinda pakuita basa. Kana uchingova nhengo yechechi, uye usingazive Mwari nerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, yave nguva yekupinda pabasa. Zvakanaka. Fukidza chiso chako, neruremekedzo. Fukidza tsoka dzako, nekuzvininipisa, uye pfugama nemabvi ako. Uye wobva wopinda pakuita basa. Kana usingazive Mwari, pinda pakuita basa.

148 Murume bofu, akanga asingakwanisi kuona, Jesu paakataura naye, akapfira mate pamadhaka ndokuaisa mumaziso ake, ndokumuita kuti apore—apore. PaAkadaro, akapinda pakuita basa. Akaparadzira mbiri yaKe. Haana kuedza kuramba akabata bhora. Asi, hama, akaparadzira mbiri yaKe munzvimbo dzose dzakapoteredza. Akaitei? Akapinda pakuita basa. Imwe nguva, mumwe murume bofu akapodzwa.

Vakati, "Murume uyo mutadzi. HautomboMuziva."

149 Akati, "Zvokuti Mutadzi here, kana kuti kwete, handizive. Asi chinhu chimwe chete ichi chandinoziva, kuti ndakambenge ndiri bofu, zvino ndave kuona." Akaitei? Akapinda pakuita basa.

150 Ndizvo zvinodiwa nechechi: kupinda pakuita basa. Tine tsika dzakanyanyisa. Tine chiremerera chemunyika chakawandisa. Tinofanira kupinda pakuita basa. Ameni.

Akaparadzira mbiri yaKe, kwese-kwese.

151 Vanhu paPentekosti, vaisaziva zvakanyanya. Vaisagona kana kusaina zita ravo, vamwe vavo. Vaitya, ndokupinda mukamuri yepamusoro. Asi, rimwe zuva, vakaitei? Vakaenda kumusoro ikoko mukuteerera Shoko raKe. Vakatora Shoko raKe.

Oo, kana vanhu nhasi vakangotora Shoko raKe, zvino vanobva vapinda pakuita basa.

152 "Mirirai muguta reJerusarema," Ruka 24:49. "Muchagamuchira Mweya Mutsvene mushure meizvi, vimbiso, mushure meizvi Mweya Mutsvene wauya pamusoro penyu, zvino muchava zvapupu zvaNgu," Mabasa 1:8. Ruka 24:49 inoti, "Tarirai, Ndinotumira vimbiso yaBaba pamuri, asi mirirai kumusoro muguta reJerusarema kusvikira mazadzwa nesimba rinobva Kumusoro."

Kusvika riinhi? Awa imwe chete, maawa 2, mazuva 10, mwedzi 4, mwedzi 6? Hazvina kumboita kana mutsauko. "Kusvikira." Inguva yakareba sei iyoyo? Kungosvikira. Kana wakumbira Mwari chimwe chinhu, gara ipapo chaipo, kusvikira. Ameni. Fiyuu! Ndi—ndiri kunzwa zvakanaka. Gara kusvikira. Kusvikira chii? Kusvikira zvaitika. Zvitore. Zvitende. Batirira pazviri. Pinda pakuita basa. Pupura pamusoro pazvo. Girori! Hongu. Pupura. Usatya. Pinda pakuita basa.

153 Vakanga vari muimba yepamusoro. Vachiitei? Vachirumbidza nokuropafadza Mwari. Kuitirei? Vimbiso. Vaiziva kuti yaifanira kutouya. Hezvoka izvo. Pinda pakuita basa. Chitotanga kurumbidza Mwari kusvikira vimbiso yazadzikiswa. Une vimbiso yacho iwe.

154 Kana uchitenda kuti Mwari vanopodza, ramba uri kuita basa. Kana uchitenda kuti Vachakudaidza zvino, uye wakabatirira paVari, ramba uri kuita basa. Ameni. Gara uri kuita basa. Une mapapiro 2, saka ashandise. Ramba uri kuita basa. Aninire mberi neshure, "Ishe, ndinotenda. Ishe, ndinotenda." Haungodanidzira kuti, "Mutsvene, mutsvene, mutsvene," unofanira kuti, "Ishe, ndinotenda." Ramba uri kuita basa. Ameni.

155 Vakagara vachiita basa kusvikira "kwakauya ruzha kubva Kudenga semhepo inovhuvhuta nesimba," zvino vakabva vapinda pakuita basa zvechokwadi. Zvino vakabva vapinda pakuita basa. Uh-huh.

156 Hama, hanzvadzi, zvatakaona zvichiitika mumazuva ano ekupedzisira zvinofanira kutipinza pakuita basa. Ameni. Tinofanira kunge tiri kuita basa. Ndizvozvo chaizvo.

Tinogarapo sokunge changa chiri chimwe chinhu. . . Uye, zvakanaka, vanhu vanogarapo, vanhu vePentekosti. Ishe vachaita chimwe chinhu. Vanoti, "Hum! Zvakanaka kwazvo." Oo, ini zvangu! Hazviratidzike zvakanyanya seSerafimi inogara pedyo naMwari. Uh-huh. Ndizvozvo chaizvo.

157 Mutumwa, anotova pedyo chaizvo naMwari, iwe unova mwana waVo, uko mberi kweartari yendarira. Serafimi iri paartari yendarira. Asi iwe, semwanakomana kana mwanasikana, unonyatsopinda muHupo hwaMwari chaimo. Hausungirwe kuti upfuure nepane muprisita chero upi zvake

nezvinhu zvose izvi. Ivo ndivo Muprisita wako. Maona? Imomo chaimo muHupo hwaVo, sevanakomana nevanasikana. Hama, ndinotenda kuti tine zvinodarika mapapiro 2. Ameni. Tine Mweya Mutsvene. Ndizvozvo chaizvo.

158 Asi tinofanira kupinda pakuita basa neruremekedzo nekuzvininipisa. Kwete kupinda pakuita basa rekuedza kusundira chimwe chinhu pane mumwe munhu, asi neruremekedzo nekuzvininipisa, kuti tizogona kupinda pakuita basa, toti, "Tine nhamo isu! Takaona Hupo hwaSamasimba. Takaona zviratidzo zvichiitika, chaizvo zvaAkataura, 'Mabasa aNdinoita, nemi muchaaitawo. Muchaita anopfuura aya, nokuti Ndinoenda kuna Baba vaNgu.'"

159 Takaona zvakawanda zvichiitika kupfuura zvakambonyorwa. Uye, handiti, takaona zvakawanda zvichiitika mumusangano mumwe chete, nezvinhu izvozvo, kupfuura zvakanyorwa muBhaibheri. Ndizvozvo. Zvakawanda mumusangano mumwe chete kupfuura zvakanyorwa mumakore 33 nehafu ehupenyu hwaKe. Ndizvozvo. Funga nezvazvo. Takazviona nemaziso edu. Takazviona zvichiitika. Takazviona zvichifanotaurwa, zvichiitika, takazvitarisa. Zvirema, mapofu, vakaoma mitezo, vakaunyana! Zvinhu zvakafanotaurwa, zvichitoitika nemo-nemo chaizvo, hazvina kumbokundika. Hama, izvozvo zvinofanira kutiisa pakuita basa nekuzvininipisa neruremekedzo.

160 Kubva kare-kareko munguva dzemuBhaibheri, apo Shongwe yeMoto yakarembera pamusoro peIsraeri, ndokubva Yaitwa nyama ikagara pakati pedu. "Ndakabva kuna Mwari uye ndinodzokera kuna Mwari."

Mutsvene Pauro akaIona ndokuwira pasi nechiso chake. Mudzidzisi mukuru akaita saPauro, akadzidziswa naGamarieri, akaumburuka muguruva akachema achiti, "Ishe, Ishe, ndiMi Aniko? Ndagadzirira kuenda." Munhu mukuru, zvirizvo zvaaiva, mudzidzi, uye akazvininipisa nokuti akaona Shongwe yeMoto.

161 HatingoIone namaziso edu chete, ichifamba pakati pedu, asi titori naYo mune zvesainzi. Izvozvo zvinofanira kutiisa pakuita basa. TinoIona ichiita zvinhu zvimwe chete zvaYakaita kumashure uko. Inongozviita nanhasi uno, vimbiso yaBaba. Ini zvangu! Chii ichocho? Yakauya kuzosimbisa Shoko, kuzoratidza kuti Shoko nderechokwadi. Zvinofanira kuisa Chechi pabasa. Hamufunge kudaro here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti]

162 Namaviri yakafukidza chiso chayo, mukuremekedza. Namaviri yakafukidza tsoka dzayo, kuzvininipisa. Uye nemaviri yakapinda pakuita basa. Ndokubva yaenda, ikazviisa pabasa.

163 Zvino tinofanira kunge tiri kutoita basa, mukukudza Shoko. Tinofanira kunge tichiudza vanhu.

164 Zviratidzo zveKuuya kwaKe zvichionekwa, kwese-kwese, tinozviona zvichisundirwa kunze muShoko. Tinonzwa Mweya

Mutsvene uchiuya, kuzotiudza kuti zvimwe zvinhu zvava kuda kuitika.

165 Makore asingapfuuri 20 adarika, kubva muchivakwa chimwe chete chino chaicho, Wakataura nezvekuuya kwaPurezidhendi Kennedy. Wakataura chaizvo zvaizoitika, kuti madzimai navamwe vakadaro vaizoisa muchinda uyu, uye nechaizvo zvaaizova. Uye taizviziva nguva yose, ndokutaura chaizvo zvaizoitika. Uye hezvinoi izvi nhasi. Zvino heuno musangano uya uri kuuya, mubatanidzwa wechechi, navose vachiuya pamwe chete. Handiti, zvinofanira kutipinza pabasa! Ndizvozvo. Uh-huh.

166 Shoko neshoko, sezvaAkataura, rakazadzikiswa patiri chaipo. Zvinofanira kutipinza pakuita basa.

167 Semuporofita, takaona kubuda, kana kuti kuuya kwekuenda; kuramba, kusimudzirwa kwemasangano, achirasikirwa nenzvimbo dzawo.

168 SaIsaya akamira ipapo, aiva murume we—wemasangano, pakutanga kwacho. Akazembera pana mambo nekuti aive munhu akanaka, asi akaona zvakazoitwa kwaari nekuzvikwidziridza. Kwakamubvisa panzvimbo, zvachose.

Uye takaona kuti kuzvikwidziridza kwesangano kwakaitei kuchechi. Kwakabvisa chechi inonzi yesangano mudariro zvachose. Ndiudzei kuti ndeipi yakazomukazve mushure mekunge yawa. Iri kupi? Tarisai kumashure nemunhoroondo uye muone chero chechi yakambowa. Payakangoita sangano, yakawa, uye haina kuzombodzoka zvakare.

169 Uziya haana kuzombodzoka kutemberi zvakare. Akanga ava nemaperembudzi, mazuva ake ose; uye akavigwa, aine maperembudzi. Hongu, changamire. Zvino, muporofita akaona izvozvo zvazvakaita. Akazviona, zvakaitwa nekuzvisimudzira ikoko.

“Handiti, tiri, potse wese. . . Hapana munhu anogona kuuya mumasangano edu kunze kwekunge zvichizotora ku—kuongororwa pamberi pavanachiremba vepfungwa, kuti vaone kana akatesva njere zvakanaka, kana kuti kwete. Anofanira kunge aine D.D.D., Ph.D. asati atombouya, kuzotaura nesu. Mabhodhi edu haasi kuzomugamuchira, kana asina.” Oo, ini zvangu. “Ungano yakanakisisa—yakanakisisa munyika inouyako. Tarisai mota dzinenge dziri munzvimbo dzedu. Pane maCadillac nemaRickenbacker, nedzimwe dzakadaro.”

170 Takaona chinhu ichocho chichifa. Tinochiona chakafa. Uye chinhu chacho chose chazara ne, akaiswa. . .?. . . maronda, maronda akaora, waro, sekutaurwa kwazvinoitwa neBhaibheri. Zvose hazvo maronda, zvachose. Zvinotonhuwa. Ndizvozvo. Ndiri kuzvireva, tichitaura pamweya. Maona? Uh-huh.

171 Takavaona vachirasikirwa nekubatirira pamwe nekubata kwavo kwakasimba, paShoko raMwari, vachisimudzira zvitendwa. Takazviona zvichiitei? Vakarohwa nemaperembudzi, kusatenda. Huh. Ini zvangu, oo, ini zvangu!

SaUziya, akaedza kutora nzvimbo yemuzodziwa waKe, yehofisi yakazodzwa, mushure mekunge arohwa, uye akaona kuti akundika pazviri.

Uye takaona machechi aya achiedza kutora nzvimbo yehofisi yakazodzwa, kuti vaparidze Shoko raMwari, uye ndokubva vatoshamiswa naRo. Havatozive zvekuita. Isa Shoko pamberi pavo, havatozivi zvekuita. Kwakangozara zvekuti, "Tinotenda kuti Izvozvo zvaive zverimwewo zuva." Chii ichocho? Vakavhiringidzika. Ungabata chirudzii hofisi yemuzodziwa waMwari uye woramba Shoko raVo rakazodzwa rinova iVo muchimiro cheShoko? Ungaramba chirudzii kuti Shoko nderechokwadi, wobva waramba uchiti iwe wakazodzwa neMweya?

172 Chinhu choga chinoratidza Shoko raMwari Mweya Mutsvene pachaWo. "Kana iYe, Mweya Mutsvene auya, Achatora zvinhu izvi zvinova zvaNgu ozviratidza kwamuri." Ndizvozvo.

Ko ungatora sei nzvimbo yehofisi yakazodzwa uye wova nhengo yechitendwa kana sangano? Zvakatofa izvo. Chinhu chekuita kuwira pasi wochema, "Ishe Mwari, ndiri munhu ane miromo ine tsvina." Hongu, changamire.

173 Masangano iwayo anoedza kutora nzvimbo yeChechi tsvene. "Tinotenda muna Yave Baba Wamasimba ose, Musiki wamatenga napasi, naJesu Kristu Murumbwana waKe. Tinotenda mukirike sande reRoma Katorike nezvinhu zvose izvi zvakasiyana-siyana. Tinotenda muruwadzano rwevasande."

174 Ndinotenda muyanano yaKristu. Hongu, changamire. Ndinotenda kuti vatsvene vari muKubwinya. Chokwadi. Asi ndinotenda kuti tine Murevereri mumwe chete pakati paMwari nevanhu. Hongu, changamire. Mopfekedzera zvinhu zvakadaro? Pano, Bhaibheri rinozvipikisa.

Vanoti, "Zvino, iBhaibheri iroro."

NdiMwari. "Shoko rakanga riri Mwari. Zvino Shoko rakaitwa nyama, ndokugara pakati pedu." Zvino Shoko riri munyama yedu, richiZviratidza, rakazodzwa neMweya Mutsvene. Inguva yekupinda pakuita basa! Ndizvozvo.

175 Zvakaitwa nechiratidzo pamuporofita uyu, maiwee, zvangu, zvakamukonzera kuti areurure kuti aive mutadzi. Muporofita akazodzwa, akati, "Ndiri munhu ane miromo ine tsvina. Ndiri kukanganisa. Ndakakanganisa. Handina kuchena, ini pachangu." Aiva mutadzi. Akareurura chivi chake. Hongu, changamire. Zvakakonzera muporofita waMwari kuti areurure kuti aive mutadzi, ndizvo zvakaitwa nechiratidzo.

Vamwe D.D.D., Ph.D. vanoZviseka, vanofanirwa kunge vari vatungamiriri veimwe chechi.

176 Manzwa zvataurwa nemukadhinari uya, panhau dziya dzanhasi? Ati, "Kune vamwe vanodzidzisa kuti kudzoka kwaShe kuri kuuya nenguva isipi." Akati, "Honguka, tichatoribvisa boka iroro. Tinoda chitendero che—chemubatanidzwa chepasi rose." Ndizvozvo chaizvo.

177 Imi vanhu, musatombokotsira henyu zvino. Chinhu ichi chatova pedyo kupfuura zvamunofunga. Muchinda uyu atongori pedyo neuya "asingazive Josefa," munoziva. Uye, tarisai, zvakapinda zviine kakunyengera sezvazvingava. Vakabata masimba pano chaipo, pakupedzisira pacho, apo, "Vachazogadzira mufananidzo wacho," nekutora mubatanidzwa wechechi nekuuita kuti utaure zvimwe chetezvo zvakangoita chikara, nekuupa simba rekutambudza vanhu vese vane humwari, uye uchashandura nguva nemirawo yaMwari. Zvichingova chaizvo zvaRinotaura. Maona?

Tichasvika kwazviri izvozvo, pamberi apo. Nguva yanyanyisa kupera, manheru ano. Asi ticha . . . Munozviziva, zvakadaro. Hongu, changamire.

Zvakamukonzera, zvakamukonzera, kuti areurure pachake kuti mutadzi.

178 Mati kudii? Handiti, kana paine vanonzi ndivo vacho nhasi, vaizoti, "Zvinoka, ndini Chiremba *Nhingi-nhingi*."

Ndakanzwa mumwe bhishopi achiti, "Kana ndasvika Kudenga, munoziva zvandichaita?" Akati, "Ndichaenda kuna—kuna Jesu ndonoti, 'Unoziva kuti ndini ani? Ndini Bhishopi *Nhingi-nhingi*.' Achati, 'Hongu, Ndakanzwa amai vaNgu vachitaura nezvenyu.'" Akati, "Vanhu vanotenda Bhaibheri, zvinoita semuri kuchakwaira nemumvura ine matope, hamuzive kwamuri kuenda." Usatombofunga kudaro hako.

179 Ndiye Mutungamiriri wangu. Ndichaparidza pamusoro pazvo, mangwana manheru. Uh-huh. Hongu, changamire. Achakutungamirira nemumvura dzese dzine matope dziripo dzekuti upfuure nemadziri, nzvimbo dzose dzine njodzi, nzvimbo dzose dzakakwirira nenzvimbo dzakaderera, chero kwaingava.

Achanditungamirira mhiri kwerwizi rwerufu. Ameni. Oo, hongu, changamire, Achatungamirira. "Kana rufu rwauya, handingatyi chakaipa, nokuti iMi muneni. Hongu, kunyange ndikafamba nemumupata, mumvuri werufu, handitye chakaipa. Munenge muripo ipapo." Maona?

180 "Kana ndikawaridza mubhedha wangu mugehena," Dhavhidhi akati, "ikoko Anenge ariko." Ameni. "Oo, kana ndikatora mapapiro emangwanani, ndobhururuka ndichienda, ikoko Anenge ariko. Anogara ari mberi kwangu, saka

handizungunutswi." Ameni. Oo, ini zvangu! Tora mapapiro iwayo upinde pakuita basa zvino. Hongu, changamire.

181 Muporofita uyu akapinda pakuita basa nokukurumidzawo, zvakare. Akaenda pamabvi ake. Uye akati, "Ndiri munhu ane miromo ine tsvina." Zvino, paakangoreurura, kwakabva kwauya kucheneswa. Unofanira kureurura, kutanga. Uh-huh.

182 Ndiri kuda kuti mucherechedze. Apo, muporofita uyu, pafungei, mu—murume akamira nehurumende yenyika, muporofita akasimbiswa! Zvino paakangoona chiratidzo ichocho chokutanga! Akanga asati amboona chiratidzo, kumashure. Akanga ava neimwe nzira, akanga anzwa kutungamirira kwaMwari uye ndokuita zvinoenderana neShoko. Asi nguva ino chaive chiratidzo chiri pachena, uye akadanidzira kuti, "Ndiri munhu ane miromo ine tsvina, uye vanhu vose ava havana kuchena. Ndine nhamo, nokuti ndaona kubwinya kwaMwari kuchiratidzwa."

Zvino tinongozvitarisa. Tinofanira kunge tichibhururuka tichienda. Maona? Maona?

183 "Ndiri munhu ane miromo ine tsvina." Akaenda zasi kuartari, ndokuti, "Ndiri munhu ane miromo ine tsvina, Ishe. Ndingaitei? Ndingaitei, nekuti ndaKuonai muchiratidzwa pano chaipo? Ndinoona Ngirozi ichizunza chinhu ichi. Ndaiona ichitaura, uye chimwe chinhu chafamba kumashure uko." Ameni.

Ndinovimba kuti hamuna kurara. Oo, ini zvangu! Kungotaura, zvino chimwe chinhu ndokubva chaitika. Girori!

184 Chii chakaitika? Zvino tinoona kuti, akareurura chivi chake. Zvino paakangozviita, Inzwi guru iri rakanga richitaura, rakabhururukira pasi. Yakatora maoko aYo, ndokutora mbato, ndokutora zimbe remoto, ndokuriisa paruoko rwaYo. Ndokuuya, ndokuriisa pamiromo yaIsaya, ndokumuchenesa.

185 Cherechedzai, haVana kumbomutumira kunoita dhigirii re Ph.D. Havana kumbomupa rimwe bhuku remitemo rekudzidza. Asi iVo, Mwari, vairatidza muporofita uyu kuti simba raVo rinochenesa raiva kubudikidza neMoto wakabva paartari. Ameni.

Simba raMwari rinochenesa nhasi hakusi kudzokorora chimwewo chitendwa kana kujoina imwe chechi. Isimba reMweya Mutsvene neMoto rinoburuka richichenesa munhu kubva pakusatenda kwake kwose. Ameni.

186 Nzira yaMwari yekuchenesa muporofita kubudikidza neMoto, kwete nechitendwa. Ko muporofita angazivei nezvechitendwa? Ari kuzoshandiswa naMwari. Shoko raizoratidzwa kubudikidza nemaari. Saka haVaimbomupa chitendwa, aizobatirira pachitendwa ichocho. Saka Vakatora Moto kubva paartari ndokuchenesa muporofita.

187 Kureurura, kutanga, tevere kucheneswa neMoto. Mbiri kuna Mwari! Oo, tarisai! Kureurura, kutanga; kucheneswa, chechipiri; kutumwa, chechitatu. Ameni. Hezvoka izvo. Chekutanga, kureurura, "Ndiri kukanganisa." Chechipiri, kucheneswa. Kururamiswa, kucheneswa, nerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Hongu, changamire. Kureurura; kucheneswa; kutumwa. "Endai munyika yose muparidze Evhangeri. Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda." Ameni.

188 Mushure mekureurura kunouya kucheneswa. Mushure mekucheneswa kunouya kutumwa: Paridza Evhangeri, podza vanorwara, zvisinei nokuti vanhu vanoti kudii.

189 Iye pakupedzisira, muporofita uya muduku anokosha, akafira pasi pekutambudzwa, nokuchekwa-chekwa nesaha. Huh!

190 Rangarirai, ndepaya Isaya paakareurura kuti anga achikanganisa. Anga achikanganisa zvachose. Anga akazembera pachitendwa chake, munoona, akazembera pamu—munhu, zvinhu zvakagadzirwa nevanhu. Akanga aona mambo aiva munhu mukuru. Aiva munhu anonamata, asi akaona kuti vanhu vose vanokundika. Maona? Asi paakashandura izvozvo, ndokutarisa kumusoro kuno akaona chiratidzo, kuti Mwari vaive Ani, akabva ati, "Ndinoda kureurura. Ndiri kukanganisa. Zvitendwa zvekare izvozvo hazvichashanda zvachose, nekuti zvakatofa uye zvakakundika. Maona? Zvakarohwa nemaperembudzi. Asi ndakaona kubwinya kwaMwari kuchiratidzwa."

Chitendwa hachikwanise kuratidza izvozvo. Chitendwa hachikwanise kuzvitaura nenzira iyoyo. Chitendwa hachikwanise kuzviita nenzira iyoyo. Zvinototora Kristu kuzviita nenzira iyoyo.

Zvino paakangoona izvozvo, akati, "Zvino, ndanga ndichitokanganisa zvachose, Ishe." Ndokubva kwazochiuya kucheneswa. Ndokuzouya kutumwa. Maiwee, zvangu!

191 Paiva ipapo Isaya akacheneswa . . . Mwari pavakadana kuti, "Ndiani angaNdiendera?"

Zvino aiva Isaya akati, "Ishe, ndiri pano. Nditumei." Muporofita aiva acheneswa!

192 Oo, hamusi kuona here, runziro? Usatora runziro yaMarthella. Ndinovimba kuti harisi zita riri muno. Usatore mazita a—a, kana kuti, runziro yekamwe kasikana kanoenda newe kuchikoro chesekondari, kana chikoro chehurumende chemunhu wese, kana muvakidzani wako anogera vhudzi rake nekupfeka zvikabudura. Usatore runziro iyoyo. Usatora runziro yemumwe mufundisi ane chitendwa anoramba Shoko raMwari uye okupa chitendwa. Usatore runziro iyoyo.

Asi mira ipapo kusvikira waona kubwinya kwaMwari kuchiburuka, woona chimwe chinhu chichifamba nesimba rakwo, kuona chichiitika nenzira chaiyo yazvakataurwa naMwari. Zvino wodanidzira, "Ndine nhamo, Ishe. Ndanga ndichikanganisa. Ndicheneseiwo zvino, Ishe. Ndicheneseiwo. Mweya waMwari mupenyu, burukai patsva pandiri."

> Zimbe reMoto parakanga rabata muporofita,
> Richimuchenesa nokuchena kwose,
> Inzwi raMwari parakati, "Ndiani angatiendera?"
> Zvino akapindura, "Tenzi, ndiri pano, nditumei."

Akanga agadzirira. Akanga aona chimwe chinhu. Hongu, changamire.

> Mamiriyoni zvino ari muchivi nekunyadziswa ari kufa,
> Teererai pakuchema kwavo kune kusuwa nekudumbirwa;
> Kurumidza, hama, kasika kunovanunura;
> Kurumidza kudavira, "Tenzi, ndiri pano."

193 Chimwe chinhu chinofanira kutoitwa. Nguva yapera kupfuura zvatinofunga. Dai chiratidzo chaMwari chanyatsorunzira vanhu, kuti vakwanise kuona kuti Mwari mumwe chete aiva mutemberi naIsaya ndiye Mwari mumwe chete ari munzvimbo yaKe tsvene nhasi. Ari munzvimbo tsvene yeMweya Mutsvene. Ndiye Mweya Mutsvene. Aimbova nyama. Zvino ndiYe Mweya, ari kufamba pakati pevanhu vaKe, achiZviratidza kuti mupenyu; kwete chimwe chitendwa chakafa, asi Kristu mupenyu, mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Oo, Isaya, nokukasika pindura, "Tenzi, pano, nditumei."

194 Ngatinamatei nemisoro yedu yakakotamiswa.

> Zimbe reMoto parakanga rabata muporofita,
> Richimuchenesa nokuchena kwose,
> Inzwi raMwari parakati, "Ndiani angatiendera?"
> Zvino akapindura, "Ndiri pano, nditumei."

Pamwe chete:

> Taurai, Ishe wangu, taurai, Ishe wangu,
> Taurai, uye ndichakasika kuKupindurai;
> Taurai, Ishe wangu, taurai, Ishe wangu,
> Taurai, uye ndichapindura, "Ishe, nditumei."

195 Zvino, anogona kunge ari muvakidzani wako. Anogona kunge ari mudzimai waunoshanda naye, murume waunoshanda naye. Asi kune:

> Mamiriyoni zvino ari muchivi nekunyadziswa ari kufa, (Muzvitendwa nemasangano.)

Oo, teerera kuchema kwavo kune kusuwa
nekudumbirwa,
Kurumidza, hama, kurumidza kunovanunura;
Kurumidza kudavira, "Tenzi, ndiri pano."

Taurai, Ishe wangu, taurai . . .

"Ndaona chiratidzo kubva kunaShe. Ndachiona chichiitika."

. . . uye ndichakasika kupindura . . .

Atotaura kare zvino.

Taurai, Ishe wangu, taurai, Ishe wangu,
Taurai, zvino ndichapindura, "Ishe, nditumei."

196 Zvino, nemisoro yenyu yakakotamiswa, handizive, manheru ano. Sezvandakuudzai, ndichiuya kuno, ndinoedza kunzvera chimwe chinhu chandinofunga kuti chingakubatsirai.

Maona muporofita iyeye. Aiva munhu mukuru. Akaberekerwa chinangwa chekuva muporofita. Akaona kuti akanga atora nzira isiri iyo. Akanga akazembera paruoko rwaUziya, mambo. Akaona kuti haukwanise kuzembera pamaoko enyama. Anoparara. Hazvina kunaka. Asi tarisa kumusoro uone Mwari vagere kumusoro pachigaro chaVo chehumambo. Tarisa kumusoro uko kuna Jesu. Akati, "Ndini mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi." Rega Akutakure muMweya. Tarisa uone kuti haAsi here mumwe chete zuro.

197 Isaya mudiki uya paakaona chiratidzo chaMwari chichiadzikisa zasi, kupinda mutembere iyoyo, akanga atogadzirira kureurura kukanganisa kwake. Anga akatogadzirira kureurura kuti hapana chakanaka chaakanga aita. Akabhururukira kunyika here ipapo? Akaita zvose zvakanga zvakanaka here, ipapo? Zvose zvaaikwanisa kuita. Pakupedzisira, akasimbisa chapupu chake neropa rake.

198 Ndinofunga kuti ndiwo angava manzwiro edu tose. Vangani vanonzwa kuti ungade kutaura, kunzwa Mwari vachitaura, kuti ungade . . . Ungati kuna Mwari, "Ndiri pano. Nditumei"? Simudza maoko ako.

"Ndiri pano. Regai ndipupure kumurume anotengesa mukaka. Regai ndipupure kuna—kuna chero ani wandinokwanisa. Kuita chimwe chinhu, regai ndiite chimwe chinhu. Ishe, handisi kukumbira kuti ndive muparidzi. Handisi kukumbira kuti ndive *izvi*. Asi, Ishe, kana ndiri murimi, ndiitei murimi anokwanisa kupupura kumuvakidzani wangu murimi. Ngandive murimi wekuti, pandinotengesa zvirimwa zvangu, ndizokwanisa kupupurira mushandi wekuzvirimwa. Ngandive murimi. Kana ndiri—kana ndiri mudzimai, ngandipupurire murume weinishuwarenzi. Ngandipupurire murume anotengesa mukaka, kumukomana wemapepa. Ngandiite chimwe chinhu, Ishe. Regai ndiende munharaunda ndiwanirwe nyasha kuna sisi

vangu pano, muvakidzani, avo vakaipa uye vari kukanganisa. Regai ndivape huchapupu nokutapira. Regai ndifukidze chiso changu nemapapiro ekuzvininipisa. Regai ndifukidze tsoka dzangu saizvozvowo. Regai ndive nokuremekedza muHupo hweNyu. Asi nditumei nemamwezve mapapiro 2, Ishe, nokukasika, kune mumwe munhu. Ndiri pano. Nditumei. Nditumei."

199 Panyaya iyi, tose ngatisimukei zvino tizviite shumiro yekuzvipira kuna Mwari.

Samasimba vari pano. Munozvitenda here? [Ungano inoti, "Hongu."—Mupepeti] Tiri muHupo hwaVo Hutsvene. Musazvikanganwa izvozvo zvino. Hupo hwaVo huri pano chaipo zvimwe chete sezvaHwaiva. Kutaura chokwadi, kubva zvandamira pano, ndaona zviratidzo 4 kana 5 zvatoitika. Ndizvozvo. Ndizvozvo. Zvanga zviri pane vanhu 2 kana 3 vepano pachechi. Handina chandataura. Asi Uri pano zvimwe chetezvo. Zvakanaka.

Zvino, zvatinoda kuita, mumwe nemumwe wenyu nenzira yake, ngatizvipirei kuna Mwari.

Tinoona chiratidzo chichionekwa chekuuya kwaKe kwakaropafadzwa,
Tarirai, uye muone mashizha emuonde zvino ava kusvibira;
Vhangeri reHumambo raenda kunyika dzose;
Uye tava pedyo nekuguma kunogona kuonekwa.

Ndizvozvo. Ndizvo here?

Zvino nemufaro tichabva tazivisa Mharidzo yekuonekwa kwaKe kwakaropafadzwa,
Nenguva isipi Ari kuuya mukubwinya, kuzoudza mumwe navose;
Zvino pepukai, imi vatsvene vaShe, munorarireiko magumo ava pedyo,
Ngatigadzirirei kudanwa kwekupedzisira ikoko. (Ameni.)

Ndudzi dziri kupamuka, Israeri iri kupepuka,

Yatova nyika zvino.

Zviratidzo zvakafanotaurwa nevaporofita;
Mazuva eMarudzi ave kupera, azere nezvinotyisa;

Muri kuzviona zvichibuda kunze uko; kwete marudzi oga, asi machechi.

"Dzokai, O vakapararira, kune yekwenyu."

Zuva rerudzikinuro rava pedyo,
Mwoyo yevarume iri kukundika nekutya;

Zadzwai neMweya waKe, marambi enyu
akagadzirwa uye akajeka,
Tarisai kumusoro! Rudzikinuro rwenyu rwava
pedyo.

Vaporofita venhema vari kunyepa, Chokwadi
chaMwari vari kuchiramba,
Kuti Jesu Kristu ndiye Mwari wedu. (Munoziva
kuti vari kudaro.)
Asi tichafamba pakafambwa nevaapostora.

Nokuti zuva rerudzikinuro rava pedyo,
Mwoyo yevarume iri kukundika nekutya;
Zadzwai neMweya, marambi enyu
akagadzirwa uye akajeka,
Tarisai kumusoro! Rudzikinuro rwenyu rwava
pedyo.

200 Bvisai hutsi uhwo hwemasangano. Bvisai tsvina iyo yenyika. Ropa raJesu Kristu rakakwana nokupfuurira kuti rikuchenesei. Tarisai kumusoro. Zviedza zvenyu ngazvivheneke. Tora mapapiro ayo ubhururuke kune mumwe munhu izvozvi.

Ngatisimudzei maoko edu zvino toti, "Mwari, ndiri pano, nditumei."

201 Baba veKudenga, ndiri kuzvipira kwaMuri, manheru ano, Ishe, pamwe nechechi ino, mushure meMharidzo ino, ine kurevesa, yakaomarara, "Hezvo ndiri pano, Ishe, nditumei."

Heino chechi yangu, Ishe. Dai vakafukidza zviso zvavo neruremekedzo. Dai vakafukidza tsoka dzavo nekuzvininipisa. Dai vakava nehushingi hwekubhururuka neMharidzo, nekukurumidza, kune mumwewo munhu. Zviitei, Ishe. Dai vakapupura nekutapira, vave munyu wenyika, neMuponesi wayo mairi.

Ishe Mwari, ichi ndicho chipiriso chedu. Ichi ndicho chipo chedu. Uku ndiko kutenda kwedu. Izvi ndizvo zvatinoshuvira, Ishe. Titumei, manheru ano, kune mumwe munhu akarasika. Dai tikavadhonzera muchechi mangwana kune imwe nzvimbo. Dai tikavadzidzisa nzira yaShe. Dai vakaponeswa, Ishe, nokuti nguva yapera kupfuura zvatinofunga. Zviitei, Ishe.

202 Dai tikazvirevesa izvi mumwoyo yedu, patiri kuzvitaura, Ishe. Torai zimbe reMoto, reMweya Mutsvene, kubva paartari yepaKarivhari. Batai moyo mumwe nemumwe pamwe nemuromo, manheru ano, Ishe, kuti tirege kutaura nhema, kuti tigotaura Chokwadi.

Titorei, manheru ano, Ishe, sezvatingori. Tose hatisi vaparidzi. Tose hatisi vaporofita. Isu tose hatisi vanotaura nendimi. Tose hatisi vaiti vezvishamiso. Asi isu tose tine chimwe chinhu chekuita. Tiratidzei pachiri, Ishe; kupupura, kuimba, kana kunamata. "Uye sechingwa pamusoro pemvura,

chichadzoka rimwe zuva rakabwinyiswa." Zviiteiwo, Ishe. Hezvinoi tiri pano. Titumei kuvavakidzani vedu, chero kupi kwatinogona, kune hama dzedu, tigovaudza nezveKuuya kwaShe. Zviiteiwo, Baba.

203 Tiropafadzei zvino. Dai tikava nekuzorora kwakanaka mumitumbi yedu manheru ano. Dai tikasimuka touya kuchechi mangwanani. Uye dai Mukataura zvine simba chaizvo—chaizvo mangwana, zvekuti haMuzosiyi kana dombo rimwe risina kupidigurwa, kuti munhu wese azive kuti anopinda sei mune iZvi. Tidzidzisei, Ishe. Takamirira. Tidzidzisei mangwanani kuti tinosvika sei pachiyero chakazara ichi kwatinogona kuva vanakomana nevanasikana vaMwari. Takamirira paMuri, Ishe, nezimbe reMoto rakagadzirira kuiswa pamiromo yedu. Takamirira, Baba, muZita raJesu.

204 Zvino takakotamisa misoro yedu, ndichakumbira mufundisi zvino kuti vauye mberi kuzoparadzanisa shumiro.

Mwari vakuropafadzei. Ndinotarisira kukuonai mangwanani, zvino. Mwari vave nemi, vapodze vose vanorwara nevanotambudzwa pakati pedu. Vagoita kuti mumwe nemumwe wenyu . . .

Ndiri kunzwa kuzadzwa neMweya iko zvino. Ndiri kunzwa Mweya Mutsvene. Ndiri kunzwa Hupo hwaKe. Ndinoziva kuti Ari pano. Ndine chokwadi kuti Ari pano. Ndiri kuMuona. Ndinoziva kuti Ari pano. Ndiri kuMuona achifamba, Shongwe yeMoto iya huru, kubwinya, mukuratidzwa kweHunhu hwaKe, Humwari hweHupo hwaKe, Munhu mukuru wehumambo.

Mwari, fambai pamusoro peava. Ngaparege kuva nemumwe wavo anorasika, ndinonamata. Mbiri kuna Mwari!

62-1013 Runziro YeMumwe
Branham Tabhenakeri
Jeffersonville, Indiana U.S.A.

SHONA

©2026 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

Voice Of God Recordings, Zimbabwe Office
8 St. Annes Road, Avondale, Harare, Zimbabwe

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org